# NENJI

Ndatenda, hama. Mazvita. Ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate. Zvino takakotamisa misoro yedu, handizive kuti vangani vangada kurangarirwa mumunamato, ingoita kuti zvizivikanwe nekusimudza ruoko rwako.

2 Baba vedu veKudenga, tinouya kwaMuri takazvininipisa, Ishe, tichipupura kuti hatina kukodzera kuuya. Asi nokuda kwekuti Jesu akatigadzirira nzira uye akabhadhara mubhadharo, saka, tinogona kuuya nokushinga kuChigaro chenyasha, panguva yekushaiwa. Uye zvino, Ishe, sezvatiri pano kuti tiunze Evhangeri, pfuma yaKristu inotsvagwa, tinoda iMi, Ishe.

3 Uye panogona kunge paine mumwe agere pano, Baba, wekuti Muri kuedza kudzidzisa nenzira huru, yekuti Muvatumire kune imwe nzvimbo, kubasa guru raMakaronga. Ndinonamata, Baba, kuti kana zviri izvo, ari manheru ano, kuti, chinangwa cheNyu chizadziswe. Uye tibatsireiwo patinozvipira kwaMuri kushumiro.

4 Zvino, Maona maoko ese, uye muchiri makatarisa ayo ari mudenga. Munoziva zviri kudikanwa. Uye ndinonamata kuti Mugozvipa, Baba. Ndinoisa munamato wangu pamwe nemunamato wavo, nezvishuwo zvavo nezvishuwo zvangu, parAtari yegoridhe apo chibayiro chedu chiri manheru ano. MuZita raIshe Jesu, tinonamata kuti Mugomedura Chingwa cheHupenyu, kwatiri, kubva muShoko reNyu. Ameni.

Mungagara henyu pasi.

5 Ndine hurombo nekuti nonokei zvishoma, kungoti ndanzwisisa kuti manheru ano yanga ichingori kumashure kwenguva zvi—zvishoma, shumiro yanga iri kumashure kwenguva zvishoma. Uye tichazvigadzirisa izvozvo, uye tobva tabuda nekukurumidza kuchakwanisika. Zvino tinoda kusvika kuShoko, manheru ano, uye nezvose zvanga zviri matiri.

6 Ndinoziva kuti muri pano, imi, vamwe vevaimbi vakanaka ava ini...Mel Johnson, mumwe wacho, wandinoziva akatogara pano. Ndamukumbira kuti, atiimbire, rwiyo rwuya rwandisingakwanise kubvisa mupfungwa dzangu. Nguva dzose ndiri kurwuimba mahon'era, kuti, "misodzi inouya ichiyerera zasi." Ndi—ndinorwufarira irworwo. Uye ndinofunga kuti achaimba pakudya kwemangwanani kweBusiness Men, kana imwe nzvimbo, kwatiri.

7 Jim, ndinoda kuti uve nechokwadi uye undiwanirewo irworwo. Uye kana muine tepi duku, ndiisirewo pane iyoyo, rwakatsaurwa, nokuti vana vangu vanoda kurunzwa. Pandinoita

sekuderera zvishoma, ndi—ndi—ndikarunzwa, zvinondiita kuti ndinzwe zvakanaka, kunzwa kuimba kwakanaka. Uye, Billy, pandinopinda muhofisi zasi ikoko, uye anogara ane matepi iwayo ekuimba achirira nguva dzose, uye ndinofunga kuti zvinoita sekumubatsira.

8 Munoziva, pane chimwe chinhu pamusoro perwiyo, chine simba marwuri. Tose tinozviziva. Tiri—tinozviziva izvozvo. Maona? Zvokuti, tarisai mauto, pavanoimba nziyo nokuridza mumhanzi. Munoziva here maendero ekuhondo, muhondo yaMwari, kutanga nemumhanzi? Vaimbi vaienda mberi kweareka, vachipembera uye vachiimba; kwochibva kwazouya areka; zvino kwochizouya hondo. Ndizvozvo chaizvo. Saka, ndiwo maendero acho chaiwo.

9 Uye ndicho chikonzero tauya mushumiro manheru. Tinoitei? Tinoimba nziyo dzaShe; uye tevere Areka, Shoko, toverenga Shoko; uye tevere hondo, zvadaro tava—tatovamo. Saka mireza mikuru iri kubhururuka, manheru ano; Zita raJesu Kristu, Ishe Mwari rigosimudzirwa, muvengi obva atiza.

10 Uye, Mwari, vakunde manheru ano, nekuponesa mweya, podzai vanorwara nevanotambudzwa; itai kuti avo, vakaneta uye vakaderera, kuti vasimudze misoro yavo nokufara, vagoZviwanira mbiri huru. Nokuti tinokumbira izvi muZita raIshe Jesu.

11 Ndinoda kuti muvhure, manheru ano, pamwe neni, kana mune Bhaibheri renyu, uye dzimwe nguva vanhu vanongomaka rugwaro rwudiki rwunotaurwa nezvarwo nevashumiri. Zvaisimbove kuti ndaigona kufunga nezvawo nekukurumidza chaiko, ndisina kana kutomboanyora pasi. Asi mushure mekunge ndapfuura makore 25, handiti, mwedzi mishoma yapfuura, ndiri kureva kechipiri, uye saka zvinoita sokunditi omerei kurangarira. Ndine mavanga mazhinji kubva muhondo. Uye apo patinokura, hatichatongofungi sezvataimboita, uye ndine. . .Pandinotarisa Gwaro ndoona, ndinobva ndarangarira kuti chidzidzo chacho chii.

12 Ngativhurei kuna Joshua, chitsauko 10, tichitanga kuverenga pandima 12.

> *Zvino Joshua akataura* kuna Jehovha *nomusi* Jehovha *waakaisa vaAmori mumaoko evana veIsraeri,* zvino *akati pamberi pavaIsraeri, Zuva, mira* pamusoro pe*Gibhiyoni;* uye. . .*Mwedzi,* pamusoro pe*mupata weAjaroni.*
>
> Zvino *zuva rikamira, nomwedzi ukarambirapo, kusvikira* vanhu vatsiva *vavengi* vavo. *Izvi hazvina kunyorwa here mubhuku* ra*Jashari?* Zvino *zuva rikaramba rimire pakati pedenga,* uye *rikasakurumidza kuvira* ringava *sezuva rose.*

> Uye *hakuna kumbova nezuva rakadaro* mberi kwaro *kana shure kwaro, iro* JEHOVHA *wakateerera izwi romunhu: nokuti* JEHOVHA *wakarwira Israeri.*

13 Ishe vawedzere maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo. Ndinoda kutora chidzidzo kubva ipapo kwemaminitsi anenge 30, kana ndikakwanisa kuchibata kusvika ipapo: Nenji. Kungoshandisa izwi rimwe chete iroro: *Nenji.*

14 Zvino maringe naWebster, *nenji* "chimwe chinhu chinoita sechinoshamisa, asi ndechechokwadi," naizvozvo nenji zvino rinenge rakafanana nechishamiso. Nenji ndeapo chimwe chinhu chi—chinoita sechisingagoneki, paru—ruzivo rwepfungwa dzemunhu; chinoshamisa kwazvo, asi zvakadaro chakaratidza kuti ndechechokwadi. Zvino, chishamiso chingava chinhu chimwe chete, nekuti chishamiso hachigoni kutsanangurwa. Chishamiso ndechimwe chinhu chinoitika, uye haugone kuchitsanangura, zvinochiita nenji. Chinoshamisa, asi zvakadaro ichokwadi.

15 Zvino, vanhu nhasi, vanhu vazhinji vechimanjemanje, vanotenda kuti mazuva ezvishamiso akapfuura. Havatendi kuti kune chinhu chakaita sechi—chishamiso. Asi, zvakadaro, ndinotenda kuti nyika izere nezvishamiso. Ndinotenda kuti nenji riripo nguva dzose.

16 Semuenzaniso, ndinotenda kuti nhengo yese yakazvarwa patsva yeMutumbi waKristu inenji pachezvayo. Ndinotenda kuti mumwe nemumwe wenyu Methodisti nePresbyteriani neLutherani, vasina kumbobvira vasangana nechiitiko cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, maiva mune imwe chechi yetsika yaisatenda muKuberekwa patsva kwechokwadi, uye zvino makagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ndiwo muenzaniso wakakwana wenenji. Nekuti, chimwe chinhu chakaitika kwauri, chakashandura hupenyu hwako hwese, uye chero ani zvake anogona kutarisa izvozvo oziva kuti nenji chii: chishamiso.

17 Kunze kwekunge izvozvo zvaitika, haugone kuva Mukristu. Panofanira kuva nenenji, kuti iwe uve Mukristu. Nokuti, hapana anogona—anogona kushandura mweya uri mumunhu, nokumupa Kuberekwa patsva, kunze kwaMwari. Mwari vega ndivo Voga vanokwanisa kuzviita. Uye chishamiso kuti Mwari vanogona sei kutora mafungiro emunhu, nemaitiro ake, nehupenyu hwake, nezvose, uye vozvishandura kubva pane zvazvaive, kuve zvazvinogona kuva, izvo zvaVanogona kuzviita.

18 Semuyenzaniso, mazuva mashoma apfuura, ndakadanwa pane chimwe chi—chiitiko, kana pane chimwe chinhu chi—chidiki chainge chichiitika. Paiva nemujaya akanaka, mukomana akanaka kwazvo, aifambidzana nemumwe musikana mudiki, musikana mudiki akaisvonaka kwazvo anobva mumhuri yakanaka. Zvino mukomana uyu, kamwe-

kamwe, akauya neimwe mhando yepfungwa, ndokungobva aenda. Akaitira musikana mudiki uyu chimwe chinhu chisina kunaka, uye kunyange hazvo akamuvimbisa kuzoita chimwe chinhu uye ipapo akasachiita. Zvino pachinzvimbo chekuuya kumusikana uyu achikumbira ruregerero, sezvinofanira kuitwa ne—nemurume kwaye, iye mukomana, zvaisangova maari kuti azviite.

19 Zvino baba naamai vakandidana panzvimbo, uye vakati, "Tinoda kuziva kuti chii chakakanganisika pamwanakomana wedu."

20 Zvino, hazvisi nyore kuita dzimwe nguva, asi unofanira kutaura chokwadi uye wakatendeka. Naizvozvo, mukomana uyu akanga ari Mukristu, zviri zvekuva mutendi. Akanga atendeuka uye akanga abhabhatidzwa, uye akanga aine chinzvimbo chake pakati pevatendi, asi zvakadaro akanga asati agamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, zvisinei nekuti aifunga kuti akanga augamuchira zvakadii.

21 Iwe paunofunga kuti unawo, nekuva naWo, zvinhu 2 zvakasiyana. Unogona kukwanisa kuedza kutaura kuti unawo, uye unogona kuratidza humwe humbowo hwemamwe manyawi; asi kunze kwekunge hupenyu hwako huri kusimbisa zvauri kutaura kuti unazvo, hausati wava naWo. Hazvina basa kuti manyawi mangani, kuti unosvetuka zvakadii, kumhanya, kutekenyedzwa, kutaura nendimi, kana kudanidzira, kana chero chaungazviisa pachiri; zvinova zvakanaka, ndinotenda mune zvose izvozvo, zvakare; asi kunze kwekunge hupenyu hwako huchienderana nechapupu chako, zvino hauna iWo. Nokuti, chibereko cheMweya chinosimbisa zvauri, sezvakangoita muchero wemuti upi zvawo unotaura zvauri. Jesu akati, "Muchavaziva nezvibereko zvavo."

22 Zvino, vabereki vemuchinda wechidiki uyu. Amai vake muJerimani. Ndisiri kuzvidza maJerimani, asi pane nhodzera mumhuri iyoyo. Uye, ndiko kuti, vanongogara pasi, uye unogona kutaura navo, zvino vanongokutarisa kumeso chaiko. Vane. . . Sisi vemusikana uyu, amai vemukomana uyu, sisi vavo. Ndakadzika nemugwagwa, mangwanani akawanda, zvino mudzimai wechidiki uyu ipapo agere panze muchivanze, zvino ndaiti, "Mangwanani, kwamuri." Aingonditarisa. Zvino ndaimira, zvino ndoti, "Zvirokwazvo mangwanani akanaka." Aingomira, otokutarisa; mudzimai akatesva njere. Zvino ndaiti, "Huyai muzotiona imwe nguva." Aizongomira otarisa. Manje, hanzvadzi dzake dzakadaro, baba naamai vakadaro.

23 Zvino baba vemukomana uyu, murume wechiIrish chaiye, ane chinyamusi, uye ane hasha chaizvo, anohuta-huta. Ndizvo mhuri yake yese yakadaro, kunze kwemumwe chete kubva mumhuri, akatendeuka. Zvino mune izvi, mukomana uyu. . .

24 Baba naamai ava, vose Makristu, vakazadzwa neMweya Mutsvene, uye vakarera mujaya uyu munzira yaShe. Uye zvino mujaya uyu ane makore angangoita 17 kana 18 okuberekwa, zvakada kudaro, mwana akanaka kwazvo, uye anga—anga ari muenzaniso chaiwo wemukomana kumba, mwana akanaka. Zvino ane munin'ina anotongori zvakapesana.

25 Asi vasikana, vekumhuri yaamai, vanogara pedyo ne . . . chechi yakanaka. Asi munofunga kuti vangazombouya ikoko here? Kwete. Uye vanoziva kuti Ichokwadi, asi hazvingori mavari ku—kukumbira ruregerero kana kukumbira kukanganwirwa. Havatongozviiti. Hazvitongori mavari.

26 Zvino zvizenga zviri muna baba naamai vemukomana uyu, zvisinei kuti vakatendeuka zvakadii, zvinoramba zvichiri nyama yakasanganiswa mumukomana uyu. Saka, mukomana ane dambudziko rekuzvichepesa maari, sezvakangoitawo mhuri yaamai vake, uye havaregerere, havakumbire ruregerero, zvino ndipo pakamira mukomana iyeye.

27 Zvino, ndakati kuna baba vacho, "Zvisinei kuti makamurera zvakadini . . . " Ndikati, "Zvino tarisa imi, kubva kumhuri yenyu: vose zvavo, zvidhakwa, ne—nekurwa, nekupfura, nekucheka, nezvimwe zvakadaro."

28 "Zvino tarisai kumhuri yenyu," kuna amai. "Iboka revanhu, vanongogara ipapo uye vasingataure, vakazvimiririra kwazvo, nezvimwe zvakadaro, vasingaremekedzi chinamato. Asi," ndakati, "imi hamusi. Ndimi mega pananasisi venyu vose nehanzvadzi, uye imi munotapira, mune mutsa, uye munoregerera. Chii chinozviita? Zvino muri muti, chikamu chedzinza iroro, asi makagamuchira Mweya Mutsvene. Ndicho chinhu chakakuitai kuti muve munyoro nokutapira. Havachisiri vanhu venyu zvachose, ndiKristu wenyu anogara mamuri."

29 Ndakati kumukomana uyu, "Tarira mhuri yako, chaizvoizvo vose zvavo zvidhakwa, nezvimwe zvakadaro." Ndikati, "Uye kuti vane chinyamusi kwazvo, uye—uye vane hasha dzakanyanya uye vanohuta-huta, asi iwe hauna kudaro. Une mutsa, unoregerera. Chii ichocho? Mweya Mutsvene. Hauchisiri zvawanga uri; ndiKristu mauri." Ndikati, "Zvino chinhu chimwe chete ichocho chinofanira kuitika kumwanakomana wenyu."

30 Zvino baba vakasimuka vakati, "Mwanakomana wangu akaenda kuartari. Akabhhabhatidzwa nemazvo, muZita raJesu Kristu, nerubhhabhatidzo rwemumvura mudziva." Vakati, "Ndinoziva kuti mwanakomana wangu akauya kuna Kristu."

31 Ndakati, "Zvinogona kunge zvakanaka, ese maitiro ekunze. Anogona kucherechedzwa semutendi nevatendi. Asi kusvikira avandudzwa, aberekwa patsva, ndingatokurudzira mujaya uyu asatomboroora mudzimai. Achamugadzirira Gehena panyika, kusvikira Mweya waKristu uya wakapfava,

unotapira, unoregerera wapinda. Zvino izvozvo zvichava nenji pachezvaro, kutora hunhu hwemukomana akaberekwa pakati pababa naamai. Asi zvakadaro, munjere dzake, ari kuedza nepose paanokwanisa kuzvikunda. Haakwanise kuzviita. Haambofi akazvikunda. Kristu achatofanira kuzvikunda. Kana akatendera Kristu kuti apinde, zvino anenge atokunda kare. Richava nenji rakakwana, kana munhu azvarwa neMweya waMwari.

32 Ndakaona vatsoropodzi vachisimuka uye vachiita dambe, uye vachienderera, nezverumutsiriro rweMweya Mutsvene. Zvino mushure mechinguva, Mwari vanobata munhu mumwe chete iyeye vomushandura, zvino hepano akamira papurupiti chaipo achiparidza chinhu chimwe chete chaaimbovenga. Inenji, kuti Mwari vanogona sei kutora uyo asingatendi vomuita mutendi.

33 Zvino handizive, kana munhu achifunga kuti zvishamiso zvakapfuura, ndinoshaya kuziva kuti imhandoi yemushonga wesainzi waungapa munhu akadaro kuti ushandure hunhu ihwohwo huri mavari, kutora ruvengo irworwo nepfini negakava, kunze? Hapana anogona kuzvitsanangura. Asi inenji, nokuti chishamiso chaMwari. Kana munhu ashandurwa kubva pakuva munhu waari, ova chisikwa chitsva muna Kristu Jesu, anobva ava chisikwa chitsva. Haachisiri izvo zvaaimbova. Atori chisikwa chitsva zvamazvirokwazvo muna Kristu.

34 Nyika ino pachayo, yatiri kurarama mairi, inenji zvamazvirokwazvo, kuti yakamboumbwa sei. Tinoona kuti, muna VaHebheru chitsauko 11 uye ndima 3, kuti, "Nyika yakaumbwa pamwe chete neShoko raMwari." Ko Mwari vakawana kupi zvinhu zvekugadzira nyika ino? Ko Vakazviita sei? Bhaibheri rinoti "yakaumbwa uye ikabatanidzwa pamwe chete." Chimiro chayo chose nechikamu chayo chakabatanidzwa pamwe chete neShoko raMwari. Kana risiri nenji, handizive kuti riri kupi. Ndekupi kwatingaratidze uye toti ndiko kwaVakatora zvinhu zvacho, ipo pakanga pasina zvinhu? Vakatozozvitaura kuti zvivepo. Inenji, kuti nyika ino iri pano manheru ano.

35 Chimwe chinhu, inenji pakuti inogara sei mugwara rayo, yakarembera muchadenga. Ingarembera sei ipapo panzvimbo imwe chete iyoyo, ichitenderera ne*uku*, zvingangoita mamaira 1,100 paawa? Mamaira zviuru 24 kana 25 painotenderera, uye inotenderera maawa 24 ega-ega, zvakakwana kwazvo zvekuti haimbopotsi nesekondi rimwe chete. Inotenderera zvakanyatsokwana kwazvo, izvo zvinodarika zvingada... Kudarika mamaira chiuru paawa, ichitenderera se*zvizvi*, yakarembera muchadenga. Kana yaizokwira kana kudzika, chero hazvo, handiti, ini zvangu, yaizo—yaizovhiringidza hurongwa hwese wehuronga hwenyeredzi hwaMwari. Uye inotenderera nepaequator, ichitenderera mugwara kakawanda, mugore, haimbokundikani, mwaka yacho nemazvo chaimo.

36 Ndiudzei kuti chii chinoibata kumusoro ikoko, chii chinoitenderedza zvakakwana chaizvo nenguva. Unogona kutora wachi; handizivi kuti imwe ungaibhadharira marii, chiuru chemadhora; uye wachi iyoyo, mukati memwedzi, icharasa nemaminitsi. Havana chinhu chinogona kushanda zvakanyatsokwana kudaro, asi zvakadaro nyika ino inotenderera zvakanyatsokwana. Sei? NdiMwari vari kuzviita. Inenji. Mwari vakairaira kuti izviite izvozvo, uye inozviita.

37 Ko mwedzi? Kunyange zvakadaro uri kure nemamiriyoni emamaira kubva panyika, asi zvakadaro iwo—iwo unotonga mafungu panyika. Mamiriyoni emamaera kure, runziro yawo, yekumira panzvimbo yawo. Uchinge wakamira mugwara rawo, unorunzira nyika. Nyeredzi imwe neimwe inorunzira imwe, nokugara iri panzvimbo yayo.

38 Oo, imharidzo yakadini yandingatora kubva ipapa, chimwe chidzidzo! Dai chimwe nechimwe chezvisikwa zvaMwari chagara panzvimbo yacho, chinozorunzira chimwe. Asi tinotsaukira pane kumwe kupengereka pane imwe nzvimbo, uye togadzira sangano tobva tazvipatsanura, zvichiita sekuti hatina kutenda, uye tinobva tavhiringidza hurongwa hwese hweChikristu. Kana munhu wese akagara panzvimbo yake, raizova nenji raMwari, kuona kuti Mwari vangaunza sei maPresbyteriani, maLutherani, maBaptisti, maMethodisti, maKatorike, navose pamwe chete. Kana taizodzokera kuShoko raMwari, raizova nenji chairo. Uyezve chechi yose yaigona kuwirirana, kwete pazvitendwa zvenyu nezvimwe zvakadaro, asi paShoko, nzira yaRakanyorwa nayo. Nokuti, "Harisi redudziro yepakavanda," ndizvo zvinotaurwa neGwaro.

39 Kuti mwedzi iwoyo unorunzira sei nyika! Pano nguva shoma yapfuura, shamwari yangu, muvakidzani wangu, aichera makomba emigodhi yemafuta, zasi mudunhu reKentucky. Zvino kana mwedzi iwoyo watanga kusimuka ikoko, mafungu iwayo anouya nzira yose nemunyika yose. Mvura iyoyo ine munyu, zasi mugomba ravanoboora, inosimuka kana mwedzi iwoyo wasvika. Hazvina mhosva, kana iri zasi mazana emafiti pasi pe. . .kana pamusoro penyika pano. Inodzika pasi mazana emafiti, zvisinei, kana mwedzi iwoyo watenderera, mvura iyoyo inosimuka kuzosangana nawo. Yakadaro.

40 Haugone kuvanza chero chinhu, kana Mwari vachiraira. Chinofanira kuteerera Mwari, kana Mwari vapa rairo yaVo. Ndicho chikonzero ndichiziva kuti Vachava ne "Chechi isina gwapa kana isina kuunyana," Mwari vakazviraira kudaro. Ichatofanira kuteerera. Mwari vachava nayo, nokuti Shoko raMwari rakataura kudaro.

41 Mafungu emvura, mwedzi, nezvimwe zvose, zvinorunzira zvinoitwa nenyika! Ukatora. . .

42 Tinoona nyeredzi ichimhanya muchadenga, tinoidaidza kuti nyeredzi, haisi nyeredzi iri kumhanya, chiedza, hongu tinozviziva izvozvo, asi tinoidaidza kuti nyeredzi. Nyeredzi iyoyo hayaigona kufamba kure kwakadaro. Kana nyeredzi imwe chete ikabuda mugwara rayo, zvichida yaizorunzira zvese zviri kufamba, muchadenga rose, yaizo—yaizovhiringidza. Zvinhu zvese zvinofanira kugara panzvimbo yazvo, kuitira kuti zvichengete hurongwa hwaMwari huchifamba.

43 Saka tinofanira kugara munzvimbo yedu, tinofanira kugara sevanakomana nevanasikana vaMwari. Kana dai tainge tisina kumbowa kumashure ikoko, chinhu chacho chingadai chiri kutenderera, pangadai pasina rufu kana chimwe chinhu. Asi Mwari ngavavongwe, kuri kuuya nenji, apo Mwari pachaVo vachaiisa panzvimbo painofanira kunge iri. Hongu, nenji.

44 Munhu asingatendi mu—munenji, uye asingatendi mune zvishamiso, ko ungaruramisa sei njere dzako, uye wakatarisa muchiso chezvinhu zvausingakwanise kutsanangura? Hazvigoneki zvachose kuti chero munhu atsanangure kuti nyika iyoyo inogona sei kuzvitenderedza uye yogara iri munguva chaiyo, uye (chero) nehurongwa hwese hwenyeredzi nezvinhu izvozvo, uye kuti mwedzi unogona sei kurunzira nyika. Uye zvinhu zvingani zvatingataura pamusoro pazvo!

45 Kuti mu—muto mumwaka wematsutso egore uchadzika sei mumudzi wemuti, pasina kana hungwaru hwekuuendesa zasi ikoko, hwodzoswa zvakare mupfumvudza yegore, huine hupenyu hutsva, handiti, inenji. Hapana anogona kuzvitsanangura. Hatizivi kuti zvinoitwa sei. Asi Mwari vanozviita, naizvozvo inenji, nguva dzose. Ichakavanzika maitiro anoitwa naMwari izvozvo. Tinozvitarisa zvakanyanya kusvikira zvangove zvakajairika, tinotarisa nepamusoro pazvo.

46 Uye ndiro dambudziko rine (isu) vanhu vechiPentekosti. Takaona Mwari vachiita manenji akawanda kwazvo kusvikira zvoita sekunge tinotozofunga nezvazvo pano neapo. Dai taingomira kwechinguvana tofunga! Mwari vari kwese-kwese. Mwari vari—vari kuita. Uye wachi yaVo yekare iri kurira ichitenderera, kusvika pakupedzisira ichapinda munaZiyendanakuenda, nokuti Mwari vakavimbisa kuzviita izvozvo. Zvino tinoziva kuti kune nenji.

47 Zvino, kare mumazuva aNoa, mvura isati yanaya, uye nemafashama, chakanga chiri chinhu cha—chakaomera Noa, muzera guru iroro renjere raairarama mariri, kuedza kuudza vanhu, neShoko raMwari, kuti kwaizonaya. Zvino, pasina kupokana, zvaizova izvo, kuti hazvina kukwana pane zvai—zvaidiwa netsvakurudzo yavo yesainzi, kwakanga kusina mvura mumatenga. Asi, munoona, Noa akati kuchava nemvura inonaya nekuti Mwari vakati kuchava nemvura inonaya. Zvino Noa, nokutenda, mvura isati yambonaya, akati ichazovapo.

48 Ndicho chikonzero tichitaura zvimwe chetezvo. Kuti, vanoti, "Handiti, Jesu, vakati Akanga ari kuuya kare-kareko. Mazana emakore akapfuura, vaiti Ari kuuya. Vaapostora vakataura kudaro; zvichida chizvarwa chavo." Izvozvo hazvimbozvimisi kana nepadiki pose. Tichiri kuziva kuti Ari kuuya. Zvichafamba sei? Handizive. Asi Mwari vachaMutuma. Vakavimbisa kudaro, uye ndinoziva kuti Achange ari pano.

49 Zvino, Noa aigona chete kuti, "Mwari vakataura kudaro." Asi, munoona, saka, pamusoro pezvose, hazvina kutenderwa nesainzi panguva iyoyo. Asi nguva payakasvika yekuti Shoko rizadziswe, kwakanaya, zvakadaro. Rakava nenji guru muzuva iroro, kufunga kuti mvura iyoyo inonaya yaigona kubva kudenga, uko kusina mvura inonaya.

50 Asi kana Mwari vakatorwa paShoko raVo, Vanogona kuzviita, vogadzira nenji. Vanogona kuita chishamiso. Uye chero munhu akaberekwa neMweya mumwe chete unoita zvishamiso, handiti, chinhu chiri nyore kwaari kutenda zvishamiso, nokuti iye chikamu chaMwari. Ameni.

51 Mwanakomana nemwanasikana waMwari; kwete nesangano, kwete nechitendwa, kwete nekukwaziswa ruoko; asi nekuzvarwa, nokuti wakafa kupfungwa dzako, ndokuberekwa neMweya waMwari. Uye uri nenji, pachako, kuti wakashandurwa kubva murufu kuenda kuHupenyu. Kubva mumunhu wako wemukati-kati mune chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Inenji.

52 Mwari vanotaura Shoko raVo, vana vaVo vanozvitenda pamwe naMwari wacho. Sainzi haikwanise kuratidza kuti zvinoitwa sei; hapana chavanoziva pamusoro pazvo. Asi vana vanozvitenda, zvakadaro, uye ipapo Mwari vanobva vaita nenji, vanozviita kuti zvive saizvozvo. Vanozviita kuti zvive saizvozvo, nokuti iShoko raVo rakataura nyika kuti ivepo, vanogona kuunza, vanokwanisa kuita kuti shoko rose, raVakambovimbisa, rizadzikiswe.

53 Ndicho chikonzero Abrahama asina kudzedzereka pavimbiso yaMwari, kubudikidza nekusatenda, asi akange akagutsikana zvizere kuti Vaikwanisa kuita nekuchengeta zvaVakataura kuti Vaizoita. Haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari, aine makore 100 okuberekwa, uye Sara aine 90, kuti azove nemwana uyu. Nokuti aiziva kuti Mwari vaigona kuzviita uye (kugadzira) vova nenenji kuti riitike pane chimwe chinhu, chishamiso kuti chiitike, uye Vakazviita.

54 Vana vechiHebheru. Zvino ungaita sei kuti sainzi itende nhasi kuti munhu anogona kupinda muvira? Oo, ndingatya kutaura kuti kwaipisa maFahrenheit mangani; asi achigona kupinda muvira iroro kumashure uko, muBhuku ra—raDhanieri, uye ogara muvira iroro kusvika vafunga kuti iye, vese vapiswa kuita madota. Zvokuti, kunyangwe varume, masoja emuhondo

vakuru, hwandamakaka dzevarume vahombe vakabuda kunze ikoko kuno—kunovakandira muvira, varume ivavo vakapinda imomo vakaparadzwa, nekupisa kukuru kwevira racho pavari. Zvino vakawira muvira, uye vakange vari zasi imomo kwenguva yose iyi, uye vakabudamo vasina kana munhuwi wemoto pavari.

55 Mwari, vachiita chishamiso! Rakava nenji rechokwadi, resimba raMwari rinochengetedza, richipesana nemuvengi wese, kana munhu agadzirira kubvuma kuti Mwari ndevechokwadi. Uye Mwari vanochengeta Shoko raVo uye vanoremekedza avo vanotenda maVari. Zvirokwazvo ndinotenda munenji.

56 Joshua, murwi mukuru wandichangobva kuverenga nezvake, nguva shoma yapfuura, muBhuku raJoshua, chitsauko 10. Cherechedzai, Joshua aive sha—shamwari yaMwari. Akanga ari musoja, mu—mukuru wehondo, zvino akauya ari pasi perunziro yemuporofita, Mosesi. Zvino Mosesi akanga atorwa, uye Joshua akarairwa kuti atore vana kunopinda munyika yechipikirwa, uye nekugovera nyika. Kusateerera kwevana; uye Mosesi akanga amirira kuve akwegura, uye saka Joshua akauya kuzotora nzvimbo yaMosesi, kuti ave mukuru wehondo yaMwari.

57 Zvino Ishe vakataura naye, vakati, “SezvaNdaiva naMosesi, saizvozvo Ndichava newe.” Izvozvo zvakakwana kuna Joshua. Vakati, “Iva wakasimba uye wakashinga zvakanyanya, nokuti Ishe Mwari wako anewe kwese kwaunoenda. Uye nzvimbo yose ichatsikwa netsoka dzako, iyoyo Ndakupa.” Saka, matsimba etsoka aireva kuva muridzi wacho. Nyika yose yaive yavo. Yaive vimbiso.

58 Kare-kare zvisati zvamboitika, paakauya zasi ikoko naKarebhi nevamwe vatsori, zvino vakaona kupikisa kukuru, vaAmareki, ne—nevaPerezi, nevaHiti, nevamwe vakadaro, vose vari mukati memasvingo, uye ipapo paJeriko vaigona kumhanya mujaho wengoro pamusoro pe—penzvimbo yacho, uye varume vakuru vakasimba. Vokuti, vamwe vevai—vaisatenda pakati pavo, vakati, “Nhai zvenyu, tinotaridzika semhashu tiri padivi pavo.”

59 Asi Karebhu akati, pamwe naJoshua, “Tinokwanisa nekupfuurira kuitora.”

60 Sei? Mwari vakati, “Ndakakupai nyika iyi.” Hazvinei nokuti kupikisa kwacho kwakadini, kwakakura sei uye—uye zva—zva—zvakaoma sei pakutaridzika, asi zvakadaro Mwari vakati yaiva yavo. Oo! Mwari vanokwanisa kuchengeta zvaVakavimbisa.

61 Raive nenji kuona vanhu vashoma vasina zvombo, potse, kunze kwezvavakanga vanhonga mumagwenga, uye uko kwavakadzingirira vamwe varume, zvichida vaine zvakaita semareki ekare, nemasaha, nechero chavaigona kuwana vopinda imomo vorovera varume ivavo pasi vakanga vari hofori, raiva nenji. Mwari vaiziva kuti vaiva nehushingi hwekuzviita,

zvino Vakavapa vimbiso, uye vakapinda vakaita chaizvo zvavakavimbiswa naMwari kuti vaite.

62 Rimwe zuva, mukupisa kwehondo, apo madzimambo akanga aita sungano huru pakati pavo uye vakange vauya zasi kuzorwa naJoshua nevana veIsraeri. Apo, Mwari vakanga vavavimbisa nyika yacho. Uye akanga akunda muvengi, zvino vakanga vari mumasango nemuzvikomo, vakapararira kunze nemurenje ikoko, zvino Joshua akatarisa ndokuona zuva richinyura. Aiziva kuti kana mauto iwayo akawana mukana wekuunza vanotsiva uye—uye vodzoka zvakare kwaari, handiti, akaziva kuti aizova nenguva yakaoma zvakapetwa kaviri uye zvichida aizorasikirwa nevamwezve vanhu vakawanda, kana vakambowana imwe nzvimbo yekuungana pamwe chete.

63 Ndipo apo, vashumiri, ndipo patinokundika. Ndipo panokundika chechi. Apo rumutsiriro urwu rwatichangobva kuva narwo, mbuserere huru idzi dzakatanga munyika yose, patakava nemuvengi achitiza, taifanira kuramba takamuita kuti agare achitiza. Asi, nyaya yacho ndeyekuti, tinofanira kungoenda nemukupengereka nezvimwe zvakadaro, uye nekupengereka kukuru kwekuvaka ne "kugadzira zvakawanda zvemapoka edu," nezvimwe zvakadaro. Uye hapo pamunouya, uye tichizviparadzanisa neShoko, uye tichitora *ichi*, *icho*, uyezve tovaka mamwezve emasangano avo, nokutanga chimwewo chinhu. Ndiyo nzira yazvinogara zvichiita. Ndizvo zvazvaiva mumazuva aLuther, Wesley, naMoody, Sankey, Finney, Knox, Calvin, nzira yose zvichidzika. Zvange zviri zvimwe chetezvo. Vanobvisa maziso avo paru—rumutsiriro, vobva vaaisa pane zvavanogona kuzviitira pachavo.

64 Asi munoziva zvakaitika? Joshua akanga asiri mhando yemurume akadaro. Aida nguva. Zuva rakanga rava kunonyura, uye akaziva kana muvengi akangounganazve. . . Rumutsiriro rwakanga rwava pedyo nemagumo ekupera kwarwo, sekumira kwatakaita nhasi. Aiziva kuti kana akangomirira kusvikira muvengi azvisimbisa kuti ozomurwisa, zvaizenge zvakaoma kukunda hondo iyoyo. Munoziva zvaakaita? Aiziva kuti Mwari vakavimbisa nyika iyoyo. Aida kuwedzerwa imwe nguva. Saka zuva rakanga roda kunyura, ndokubva ati, "Zuva, mira ipapo." Ameni. Nenji, zvirokwazvo. Zvino zuva iroro rakamira ipapo kwezuva rose, uye harina kumbofamba; uye nemwedzi pamusoro peAjaroni, hauna kana kumbofamba, zvakare.

65 Nokuti, Bhaibheri rakataura pano, kuti, "Hakuna kumbobvira kwakava nenguva kumashure, kana kubva ipapo, yakaita saiyoyo, iyo Mwari vakateerera inzwi remunhu."

Unoti, "Oo, dai ndaiziva takangorarama muzuva iroro!"

66 Jesu akati, muna Mutsvene Marko 11:24, "Kana ukati kugomo iri, 'Ibvapo,' uye usingapokane mumoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuva

nezvawataura." Dzichiri nyasha, nenenji, zvichidzika kupinda muzera redu. Chokwadi.

67 Mwedzi iwoyo nezuva zvakamira zvakadaro kusvikira Joshua apedza kurwa, pamwe neIsraeri, uye vakazvitsivira pamuvengi wavo. Sei? Rakanga riri mugwara rebasa.

68 Zvino kana ukazoenda kunze kuno woti, "Gomo, ibvapo! Ndinoda kukuratidza kuti ndinokwanisa kuzviita." Harizviiti.

69 Asi kana riri mugwara rebasa, kana Mwari vakakuraira kuti uite chimwe chinhu! SezvaVakataura kuna Mosesi, "Sei uchichema kwaNdiri? Taura kuvana."

70 Vanhu nhasi vari kuchema nguva dzose, "Ishe, chii chinotevera, chii chinotevera?" Ingotaura uende mberi! Ndizvozvo. Mwari vakatiraira kuita chimwe chinhu, ngatichiite. Usangomira ugofunga nezvazvo, woti, "Ko zvingaitika sei? Zvino, *izvi* ndizvo zviya." Zvine mutsauko wazvinoita; kana Mwari vati zviite, zviite zvakadaro. Vachiri Mwari wezvishamiso.

71 Joshua, zvirokwazvo rakava nenji zuva riya parakamira. Ndaitaura nemumwe mu—musaindisti muchikoro pane imwe nguva, uye akanga ari mudzidzisi weBhaibheri. Zvino akati . . . Ndakataura izvi kwaari. Ndakati, "Ndafunga kuti mati nyi— nyika inotenderera, munoona, uye—uye zuva rikamira?" Ndikati, "Ko Bhaibheri ramuchangobva kutiudza kuti chaive chokwadi? Mwari . . . Joshua akati, 'Zuva, mira.'" Zvino, haana kukwanisa kupindura iwoyo.

72 Asi zuva rakatomira. Harina kana kumbofamba, munoona. Chaizvoizvo nyika yakamira. Uye zvino unoti . . .

Akati, "Nyika yakamira."

73 Ndikati, "Mati, 'Kana nyika ikamira, inorasikirwa nesimba rayo rekudhonzera pasi uye munhu wese aizodonha kubva pairi.' Zvino muchaita sei?"

74 Inenji. Ameni. Mwari vakamisa nyika yose kuti isatenderere, ameni, nokuti mumwe munhu akati, "Mira ipapo, kusvikira ndarwa hondo iyi yose yapera." Iroro inenji. Ameni.

75 Rakava nenji apo hondo dzose dzeIsraeri dzakamanikidzirwa mukona, uye vaitya rimwe zihofori hombe rakaita serechinyakare raive rakamira ipapo, rainzi Goriati. Zvino ikoko mauto eIsraeri, Sauro aive akanyatsodzidziswa, musoro nemapfudzi ake zviri pamusoro pemauto ake ese, uye achitya zvakanyanya. Hapana aikwanisa kumira pakupikisa kwemurume uyu wezuva iroro.

76 Kwakauya mumwe mwana mudiki, aitaridzika kuve akatsonga, ane mapendekete akakombama, achirema kuda mapaunzi 90, aine chidimbu chedehwe rehwai chakamoneredzwa paari saizvozvo. Akati, "Munonyadzisa imi

hondo yaMwari mupenyu; kumira pano uye morega muFiristia uyo asina kudzingiswa achizvidza hondo dzaMwari mupenyu."

77 Shoko parakauya kuna Sauro, Sauro akati, "Hausi chinhu kunze kwekuva wechidiki, asi iye murwi kubva pahudiki hwake. Uye uri mwana mudiki, uye tarisa zvaari. Zvinoka, hautombogoni kumisidzana naye."

78 Asi chii chaakatora? Haana kumbotora pfumo, haana kumbotora munondo, asi akatora chimvii. Uye nzvimbo imwe chete yaaigona kurova hofori iyoyo, yakanga iri chaipo pahuma, apo nhumbi dzake dzokurwa nadzo dzaive dzakadzikiswa kumeso kwake kuti avanze maziso ake. Zvino dombo iroro, nechinhambwe chirefu kubva papfumo iroro raive rechimuti chakareba mafiti 14 raaiva naro muruoko rwake; rakanga rakabuda rose sekureba kwaraive rakaita, angadai akasimudza Dhavhidhi mudiki oita chero chinhu kwaari, omuturika mumuti, paaityisidzira kudaro, uye orega shiri dzichidya mutumbi wake.

79 Asi chii chakaitika? Pakava nenenji, Mwari pavakatora murume mudiki akatsonga akanga asinganyatsotaridziki, zvachose, asitombori kana musoja akadzidziswa, achingori mwana aiva nekutenda maVari, uye akanyadzisa nyika yese. Mwari vakazviita nenenji.

80 Ameni! Vachiri Mwari, manheru ano, wenenji, zvimwe chete sezvaVaiva kareko.

81 Akaisa mhirizhonga mumauto ese. Vakaona izvozvo, ndokutanga kumhanya vachitiza, nekuti vakaona kuti mumuchinda mudiki iyeye maiva nekutenda muna Mwari Anogona kushandura zvisikwa zvose, vachiita chero chinhu chaVaida kuita, kana munhu achinge atenda Shoko raVo. Zvirokwazvo. Ndinotenda kuti raiva nenji.

82 Mosesi, murume mukuru wehondo akaedza kudzikinura Israeri, uye haana kuzviita. Aida kuparadza vaEgipita. Akaparadza munhu mumwe chete, uye akapinda mudambudziko pamusoro pazvo, achizviita mukuda kwake iye. Asi akazotora chimuti, chimuti chekare chakaoma kubva murenje, ndokuuraya hondo yose. Ameni. Kana risiri nenji, handingazive kuti sei. Paakarova nechimuti chiya pamusoro pegungwa, ndokudanira gungwa kuti rivhare; uye akanyudza Egipita, rudzi rwose, panguva imwe chete, nechimuti muruoko rwake. Ameni.

83 Raiva nenji, kuti akatungamirira Israeri sei nemurenje, uye kwemakore 40. Zvino pavakabuda kunze, pakanga pasina kana munhu aiva nehutera pakati pavo. Inenji iroro. Hongu, changamire. Aiva munhu mukuru akadini, zvaakaitirwa naMwari, nokuti akatenda Mwari! Raiva nenji. Hongu, changamire.

84 Raiva nenji, Mwari pavakasarudza murume mudiki mumwe chete, ane zita rekuti Mikaya, pamberi pevaporofita veIsraeri

400 vakanyatsodzidziswa, nokuti murume uyu akanga azvipira kugara neShoko raMwari apo kupikisa kwese kwaipesana naye.

85 Apo 400 vaye vakati, "Aa, endai zvenyu kumusoro!" Akati kuna Ahabhu naJehoshafati, "Kwirai henyu kumusoro, Ishe vanemi. Tichangobva kuwana chizaruro. Ishe vanemi. Endai kumusoro, muchavasundira kunze chaiko kwenyika yedu, nokuti ndeyedu. Mwari vakaipa kwatiri. Joshua akagovera nyika, uye iyi ndeyedu. Zvino havo vaFiristia kumusoro uko, vachidya chibage kubva muminda yedu. Handiti, hazvisi zvekungoshandisa pfungwa chete, chizaruro chedu chitori raiti."

86 Zvino kuti Mwari vakasarudza sei murume mudiki saMikaya, aisagona kana kupinda muruwadzano, asi akauya kumusoro ikoko neShoko raShe. Zvino akati, "Endai kumusoro ikoko, asi ndaona Israeri yakapararira semakwai asina mufudzi." Raiva nenji, kuti Mwari vaizomisikidza sei muchinda mudiki-diki asingacherechedzwi kunze uko pakati peboka rose guru kwazvo revaporofita 400, revaporofita veIsraeri, vaporofita vechiJudha vakamira ipapo vachiporofita zvenhema. Mikaya akaziva sei kuti akanga ari raiti? Nokuti akanga ari pamwe chaipo neShoko. Eria akataura kuti chinhu chimwe chete chaizoitika; uye aizoropafadza sei zvakatukwa naMwari? Raiva nenji, asi Mwari vakaita kuti zviitike. Zvirokwazvo raiva.

87 Raive nenji; apo mukomana mudiki-diki, aitaridzika semusikana aine mhotsi diki dzebvudzi 7 dzakarembera mumusoro make, uye pamwe riine ribhoni mariri, handizive, sekasikana kadiki. Zita rake rainzi Samusoni. Zvino shumba, zvichida shumba ine mapaunzi 500, pamwe, yakadzvova ndokuuya kuzomurwisa, uye akatora maoko ake ndokubvarura shumba iyoyo. Ameni. Asi tarirai zvakaitika? Mweya waShe wakauya paari, kutanga.

88 Ndizvo zvinokonzeresa nenji. Ndizvo zvacho. Nenji seiroro ringatungidza nhandare ino nemoto, manheru ano, nekubwinya kwaMwari. Kana rudo rwaShe rwukatenderwa kuuya pavanhu, zvino vaizonamata. Nenji, zvirokwazvo. Hongu.

89 Samusoni paakauraya shumba iyoyo, nemaoko ake chete, akaibvambura; mukomana mudiki-diki, akada kuita kunge musikana aine mhotsi diki dzebvudzi 7 dzakarembera kumusana kwake.

90 Raiva nenji paakatora shaya iya yenyurusi, ndokurova chiuru chemisoro yevaFiristia. Apo, maheremeti makuru iwayo nemabhachi makuru, endarira yairema zvichida mapaunzi 100, kana pedyo nawo, nhowo huru nezvimwe zvakadaro, mapfumo, varume vakanyatsodzidziswa, neheremeti yakakora zvinenge inji nehafu, yakagadzirwa nendarira, yaidzika yopenderwa mudenga, yosiya pazviso zvavo chete. Zvino Samusoni akamira ipapo neshaya iyi yenyurusi, yanga yakarara kunze uko zvichida kwemakore 40, 50 . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—

Mupepeti] Mugwenga, yakaoma. Zvino, kungorova kamwe chete pasimbi yakadaro kungadai kwakaipwanya kuita zvidimbu miriyoni. Asi akamira ipapo, ndicho chinhu chega, chaakarairwa kurwisa nekuparadza nyika iyoyo zvachose. Akasimudzwa ndokuzvarwa kuti auraye nyika iyoyo. Hareruya!

91 Dai chechi yaigona kungocherechedza chikonzero sei iri pano! Dai chechi yePentekosti yaigona kungocherechedza chikonzero sei iri pano! Chii chakakumiririra? Sei wakabuda muzvinhu izvi kuti uve zvauri?

92 Aiziva zvaakaberekerwa. Aiziva paakanga akamira. Chinhu chaaive nacho muruoko rwake chaive chisina mutsauko wachaiita. Akamira ipapo, apo vaFiristia vaya pavaiuya, uye kurova kwakasimba ikoko, kwekamunhu kadiki ikako kakamira padombo, kuti kasvikire pamusoro pemisoro yavo, pavaimhanyira kumusoro ikoko, aigon'ora mumwe nekuku, uye mumwe nekuko. Zvino hapo paiva parere chiuru chavo, varere vakafa ipapo. Raiva nenji, kuti shaya yenyurusi iyoyo, yakaramba yakabatana sei. Raive nenji, kuti kachimedu ikako kebvupa kasina kusimba kaizopwanya heremeti dzendarira dzakakora inji imwe chete uye kouraya vaFiristia ivavo, chiuru chavo. Zvino akaramba amire ipapo ainako muruoko rwake, kakangonaka sezvakaive paakakanhonga. Raiva nenji. Ameni naameni!

93 Achiri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Vachiri Mwari vamwe chete, kune chero munhu akadanwa kuti atore Shoko raMwari. Mwari vachamira naye kana akasava mbwende. Samusoni aigona kunge akatiza, asi haana kuzviita. Ndizvozvo.

94 Raiva nenji, Mwari pavakadana Johane Mubhabhatidzi, mwanakomana wemuprisita, kubva muchikoro chikuru chevaprisita, seminari huru. Sei izvozvo zvisina kutevera? Izvo, zvaive patsika kuti varume vatevere tsika dzemadzibaba avo. Handiti, raiva nenji, Mwari pavakatora Johane kuenda murenje, kunomuudza zvaizove zviri Mesiya, kunomuudza zvaizova zviri chiratidzo chaMesiya, kuti aizochiziva sei. Pachinzvimbo chekuenda kuchikoro, kunodzidza kuti Mesiya aizove akadii, Mwari vakamuendesa kurenje kunomuudza kuti Mesiya aizove akaita sei. Rakava nenji chairo, kuvanhu ivavo muzuva iroro. Hongu.

95 Kuberekwa nemhandara pakwakaitika, raiva nenji; kuti Mwari, kuitira kuti vaZvizivise kuvanhu, vakava munhu. Kuti Mwari, Mweya mukuru...Mwari, kwandiri, vakanga varipo pasati; pakanga pasina kana chiedza, pakanga pasina nyeredzi inomhanya muchadenga, pakanga pasina a—a—atomu, pakanga pasina molecule, ipo—ipo—pakanga pasina kana chinhu, uye zvinhu zvose zvaiva Mwari. Hongu, ndiko kukura kwaVakaita. Vanobva muna Ziyendanakuenda, vopfuura nemuZiyendanakuenda. Vakagara vari Mwari. Vachagara vari

Mwari. Uye kuti hupenyu hukurusa hwakava sei Chizenga chidiki, kwazvo muchizvaro chemudzimai, kuitira kuti vatore murairo waVo pachaVo, kuti vabhadhare murango wemurawo waVo, rufu; kuti Mwari vakaratidzwa sei munyama, kuti Mwari vakuru veKudenga vakashandura sei hunhu hwaVo, kubva pakuva Mwari, kuti vave munhu, kuburikidza nekuzvarwa nemhandara, hapana anogona kuzvinzwisisa.

96 Sainzi yanhasi haigone kukuudza kuti kuberekwa ikoko nemhandara kwakaitika sei, asi Mwari vakazviita. Vakauya. Hapana aikwanisa; munhu wese akaberekwa nekusangana pabonde. Sezvakaita ve-. . . munhu mumwe chete ari zvimwe chete sevamwe vose, hapana aigona kubatsira mumwe. Tose takanga tiri mudambudziko. Uyezve Mwari pachaVo vakaburuka uye vakaberekwa, kwete nemuJudha, kwete neMurudzi, asi Ropa raKe rakanga riri Mwari. Ropa rinobva kumunhurume. Panyaya iyi, vaive Mwari, Mwari musiki, vakasika Chizenga cheRopa mumimba yaMaria, uye vakaZvivakira tabhenakeri iyo ivo pachaVo vakaburuka ndokugara mairi.

97 "Mwari vaiva muna Kristu, vachiyananisa nyika kwaVari." Shoko chairo rekuti *Kristu* rinoreva "Uyo Akazodzwa." Oo! Aiva Mwari, Mwari muhuzaro hwaVo vakagara maAri. Ameni. "Uye maAri maigara huzaro weHumwari mumutumbi." Rakava nenji. Zvakadzungaidza vanhu muzuva iroro, "Iwe uri munhu, unoZviita Mwari." Zvichiri kuzviita. Asi zvakangodaro, richingori nenji rimwe chete richienderera mberi. Aive Mwari. Achiri Mwari. Achagara ari Mwari. Hongu, changamire. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Hongu, changamire.

98 Kuberekwa nemhandara ikoko kwaive chakavanzika kuvanhu, vakatadza kukunzwisisa, sezviri Kuberekwa patsva nhasi. Kuberekwa patsva ichakavanzika kuvanhu. Havagone kukunzwisisa. Havazive zvaunoreva. Vakakuzvidza, vakakuderedza, vachiti, "Zvinoka, nekuti unotenda chimwe chinhu." Madhimoni anotenda chinhu chimwe chete, uye anodedera. Hazvisi izvo zvaunotenda; ndeizvo zvakatoitwa chaizvo naMwari. Kuberekwa patsva kuzvarwa. Kwaive kutsva. Kwaive nenji, apo Mwari vakaunza Hupenyu hutsva kurudzi rwevanhu. Ukakuramba, unopatsanurwa Nokusingaperi. Ukakugamuchira, ndihwo Hupenyu Husingaperi. Une. . .

99 Uri pahwaro humwe chetehwo sezvaiva Adhamu naEvha. Unogona kutora. . . Kana Mwari vakakuisa pane chimwewo chinhu, zvinenge zvisina nduramo kuna Adhamu naEvha. Adhamu naEvha wega-wega, manheru ano, vane chakanaka nechakaipa zviri pamberi pavo. Unogona kuita sarudzo yako. Unogona kutora Shoko raMwari kana kusiya Shoko raMwari. Unogona kutora Shoko raMwari kana kutora zvitendwa zvako zvemasangano pamusoro paRo. Unogona kutora pfungwa dzako dzechimanjemanje dzezvazviri. Unogona kuzvarwa patsva

wozadzwa neMweya Mutsvene, kana kuti unogona kungova wechechi, chero chaunoda kuva.

100 "Nokuti kwandiri kurarama ndiKristu." Hareruya! Ndinotenda kuti Mwari vamwe chete ivavo vakaburuka neZuva rePentekosti, paChechi yaVo, seShongwe yeMoto, uye vakaZvipatsanura, nendimi dzakapatsanuka, pakati pevanhu vaVo, vari pano manheru ano. NdiMwari vamwe chete sezvaVaiva kareko, Vari nhasi, neMweya Mutsvene mumwe chete. Ndinoziva kuti inenji. Hazvikwanise kutsanangurwa. Manyawi, kuzhambatata, kuchema, nezvimwe zvakadaro, hazvigoni kutsanangurwa, asi inenji kuti Mwari vanozviita sei. NdiMwari vasingaonekwi vachigara mumoyo wemunhu, vachiZvionesa, nokusimbisa Shoko raVo, kuti, "Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi."

101 Rakava nenji, apo mwanakomana wakapenda, aiva neZita rokuti Jesu weNazareta, akatora mabhisikiti 5 madiki nehove 2, akapa chokudya kuvanhu 5,000. Kana risiri, ndinoda kuona mumwe munhu achizviita nhasi. Ndinoda kuti unditsanangurire mhando yeatomu raAkatupfunura. Chii chaAkaita? Kwete hove chete, asi hove dzakanga dzakura, hove dzakanga dzaparwa, hove dzakanga dzakasukwa, hove dzakanga dzabikwa, hove dzakanga dziri chero zvadzaiva, uye chingwa chakadyarwa chikakura; uye zvese zvakadarikira, uye Mwari vakaishandura kubva—kubva pahove yakabikwa kuve hove yakabikwa. Vakangoikudza uye Vakaimedura, uye Vakaikudza uye Vakaimedura, uye Vakaikudza kusvika vapa vanhu 5,000 chikafu. Ameni.

102 Maitiro iwaya anorevei: kuimedura, oikudza; kuimedura, oikudza; opa chokudya, oikudza? Zvinoreva kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. NdiMwari mumwe chete sezvaAiva. Achiri Chingwa cheHupenyu kune chero munhu ane nzara nenyota. Haugone kupedza hunaku hwaKe.

103 Vanoti, "Hatina basa nezvishamiso, hatina basa nenji."

104 Akatomirira. Ndihwo hurongwa hwaKe. Ndizvo zvaAri. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Akakumirira kuti usveverere kumusoro uye utore mugove wako. Unotya kuzviita here? Ungasva here wadzika kurwizi wozviraurira hove, uye woedza kuibika nekuikanga nemamwe mafuta enguruve kana chimwe chinhu, kana kuti ungasva here waitora nenzira iyo Mwari vakazviita? Ingosveverera kumusoro nekutenda, woti, "Jesu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi! Ndinotora, Ishe, ndinotenda maMuri. Isaiwo mandiri chikafu, simba, kutenda kwandinoda." Tarisai muone zvinoitika. Nemoyo wakaperera, Vachagutsa nzara yose. Vachazviita.

105 Jesu aiva . . . akaita . . . akava nenenji, paAkapa vanhu 5,000 chokudya, nehove 5, zvino—zvino ndokutora mabhasikiti 2 akazara, kana kuti mabhasikiti akawanda, mushure mazvo.

106 Raive nenji, apo Murume aiva netsoka sedzandinadzo nedzaunadzo, padziva rakaita seLake Michigan kunze kuno, apo madutu achinge aripo, nemafungu machena zvichida akanga . . .

107 Zvinoka, kana wakambovako ukaona kuti madutu iwayo kuti anodzika sei, achiri kuzviita nazvino, nemuGarirea ikoko, uye kunge achatopotsa akupa mvura achisiya pasi pegungwa pakaoma. Kana dziri dzadzika dzichipfuura neipapo, mhepo idzodzo zvinotyisa, zvino dzotanga kutsvaira, uye mafungu machena akatomutsa chikepe ichocho kusvika tariro dzese dzapera. Uye pagungwa iroro, pavakanga vachikwasva, kubva pavaikwasva kubva nenguva dzingave 4 o'clock masikati, ndinoti, kusvikira nguva yechina (yekupedzisira), kuma 3 kana 4 o'clock mangwanani. Kwavakanga vasvika vachikwasva vachidarika nemugungwa! Zvino vakaMusiya kune rimwe divi. Ameni.

108 Zvino panguva yechina, heunoi Achiuya, achifamba pamusoro pemafungu. Raive nenji. Ko Akagona sei kuZviita kuti areruke zvakakwana? Akagona sei kutsika pamafungu iwayo, obva atsika achibva pane rimwe fungu achienda pane rimwe? Mafungu makuru iwayo achiuya, Aikwira napamusoro perimwe, uye odzika chaizvo mune rimwe, napamusoro chaipo perimwe, pasina kana donhwe remvura paAri. Ouya, achifamba pamafungu! Zvitsanangurei kwandiri, uye hamukwanise. Chaiva chii? Raiva nenji, zvirokwazvo.

109 Raiva nenji, apo Petro, uyo waAkanga asati amboona muhupenyu hwaKe, zita rake rainzi Simoni, akafamba achipinda muHupo hwaJesu Kristu, nokuti munin'ina wake Andrea akanga amuudza kuti Aiva Mesiya. Zvino Jesu paakatarisa murume iyeye kumeso, kekutanga kaAkamuona, ndokuti, "Zita rako ndiSimoni, uye uri mwanakomana waJonasi," inenji iroro. Kana zvisiri izvo, ndiudzei kuti Akazviita sei. Raiva nenji.

110 Sei? Nokuti, iYe iShoko. Zvino Bhaibheri rakati, "Shoko raMwari rinopinza kudarika munondo unocheka nemativi maviri, uye rinonzvera mifungo nezvinangwa zvemoyo." Zvakaratidza kuti Aiva Shoko, ameni, "Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi."

111 Raiva nenji, Firipi paakapoterera chikomo ndokuwana Natanaeri, ndokudzoka naye muHupo hwaJesu, zvino Jesu akamuudza kwaaive ari nezuro wacho. Raiva nenji, ameni, zvikaratidza kuti Aiva Shoko. "Tarirai muIsraeri asina nduru maari."

Akati, "Makandiziva riinhi, Rabhi?"

112 Akati, "Firipi asati akudana, pawakanga uri pasi pemuti, Ndakakuona." Nenji. Ameni.

113 Raiva nenji, apo mumwe muzvinabhizimu muduku, wemuguta reJeriko, mutsoropodzi waIshe Jesu, akakwira

mumuti wemaonde, kuti ahwande, kuti aMuone achipfuura. Zvino Jesu weNazareta paakapinda, achifamba achidzika nemugwagwa, zvino akamira pasi chaipo pemuti waakanga ari, ndokusimuka ipapo ndokumudana nezita rake, "Zakeo, buruka. Ndiri kuenda newe kumba kunodya kudya kwamasikati." Nenji! Akanga asati amboona murume uyu, mazuva ose ehupenyu hwaKe. Akanga asina kumboisa meso ake paari.

114 Raiva nenji, apo zvichida mazana akati kuti evanhu, hongu, pamwe vanhu mazana 15, 20 vaibuda muguta reJeriko, vachiita dambe naYe, nekuMuseka, paAkabva muguta masikati iwayo, kana kuti mangwanani iwayo, waro; paAkanga achibuda muguta, vanhu pavaiMukandira zvimiriwo zvakaibvisa. Uye ndinonzwa muprisita achiti, "Hei, vanondiudza kuti Unomutsa vakafa. Hei, iWe muporofita, Iwe unoZvidana kuti muporofita! Ivo, tine nzvimbo yose yemakuva yakazara navo kuno uku, vanhu vakarurama, vanhu vakanaka, muprisita seni; enda kumusoro kuno, uvamutse. NgatiKuone uchimutsa vakafa." Haana kana kumbonzwa shoko rimwe ravakataura, mumwe achidanidzira chimwe chinhu, uye mumwe chimwewo.

115 Asi kumashure-shure uko kumadziro, mayadhi 250, mumwe mutana murombo mupemhi aibvunda nechando ipapo, nemaoko enguwo yake, akati, "O Jesu, iMi Mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwireiwo ngoni," ndokuMumisa munzira yaKe. Hareruya! Kudana kwaJoshua, kusiri kure zvakanyanya, kusiri—kusiri mamaera 10 kubva paAkanga akamira ipapo chaipo, akamisa zuva, rimwe zuva. Asi mupemhi anonzwisa urombo akamisa M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a waMwari, akaramba akamira munzira maKe nekutenda kwake, mhando imwe chete yekutenda kwaiva naJoshua. Ameni. Nokuti, aiziva, kana Aiva Mwanakomana waDhavhidhi, Akanga ari iye Mesiya akaratidzwa, uye Aigona kumudzorera kuona kwake. Nenji! Oo, ini zvangu! Zvirokwazvo, raiva nenji. Hongu, changamire.

116 Mwari, raiva nenji, kuti Mwari vakagona sei kuva munhu, kuti vafe. Mwari, Hupenyu, Hupenyu Husingaperi, hwakagona kuva Mwari (hupenyu hwepanyama) kuti vafe, kuti vaponese munhu, vomudzosa kuHupenyu Husingaperi. Raive nenji, kuti Mwari mukuru aizadza nzvimbo dzese neZiyendanakuenda rese vakagona kuburuka vakava munhu, kuitira kuti vafe kuti vaponese hu-. . .zvisikwa zvaVo pachaVo. Kuti Mwari vakava mumwe wezvisikwa zvaVo pachaVo, kuti vaponese, nokuti Vakasika mutumbi waVo pachaVo. Jehovha Baba vakagara, muhuzaro, muna Jesu Kristu Mwanakomana waVo. Jesu aive mutumbi waMwari. Mwari vakamiririrwa mutabhenakeri, nyama yaJesu Kristu, uye kuti iye Uyo wakazadza nzvimbo yose neZiyendanakuenda rose akava Munhu mumwe chete. Ameni. Munoona zvandiri kureva? Ipapo, uye Mwari iyeye aigona kuzviita, kufa, uye, oo, raiva nenji, pachezvaro, kuti Vaigona sei kuZviita saizvozvo kuti vatambudzike rufu kuitira rudzi rwese

rwevanhu.

117 Asi, oo, inenji rakadini, apo Murume akanga arovererwa pamuchinjikwa, akauraiwa, ndokusundira pfumo guru rechiRoma, rakafara zvingaite mainji 6 kana 8, nemumoyo waKe, uye Ropa nemvura zvikawodzvoka. Zvino vakaMubvisa pamuchinjikwa, afa, vakaMuputira mu—mumucheka, ndokuMuradzika muguva. Akanyatsofa zvokuti mukuru wezana wechiRoma akati Afa, munhu wese ipapo akati Afa, mwedzi wakati Afa, nyeredzi dzikati Afa, zuva rikati Afa, nyika yakava nekuhuta-huta kwakanyanyisa, ikati Afa. Zvino nezuva retatu, aigona kumuka kuhupenyu zvekare, asingazofi, kubva kurufu. Inenji iroro. Ameni. Akati, "Ndine simba rekuisa hupenyu hwaNgu pasi; Ndine simba rekuhumutsa zvakare." Nenji raMwari rechokwadi, ndizvo zvaiva rumuko rwaKe.

118 Raiva nenji, raMwari, Jesu paakasarudza varedzi vehove, vasi-. . .pachinzvimbo chevaprisita vakadzidziswa, kuti vatakure mharidzo yaKe. Zvaiita sekunge, paAkauya, Akanga achizouya kuvaFarisei vakuru nevaSadhuse, obva ati, "Hama, ndimi vanhu vakachengeta sangano iri rakachena zvichidzika nemumazera. Ndauya kuzokutorai zvino. Madzibaba enyu achadada nemi, pavanogona kutarisa pasi kubva kunzvimbo dzeKudenga," kana chero kwavaive. Ndinopokana nazvo. (Jesu akati, "Muri vababa venyu, dhiyabhore.") "Saka zvino tarisai zasi, moti, 'Zvinoka, tingazofara.' Vaizofara kuziva izvi. Ndauya zvino kuzosimudzira apo mose pamakazvisvitsa."

119 Raiva nenji, paAkapomera mumwe nemumwe wavo uye akavaudza kuti vaive vadhiyabhore, ndokuenda zasi kuGungwa reGarireya ndokusarudza varedzi vasina ruzivo vaisatomboziva kunyora zita ravo, uye akavapa makiyi ekuHumambo hweKudenga, panzvimbo yekupa Kayafasi, muprisita mukuru. Ko Munhu angaite sei, kune chitendero chakayedzwa, zvavaifunga kuti ndiko kuyedzwa, mutsika dzavo nezvinhu kuti vachengete zvinhu zvaMwari, zvino heunoi Achiuya osarudza rimwe boka zasi kurwizi uko, apo vanhu vakarairidzwa, uye vakadzidziswa, uye vakapfuura nemumaseminari, nemuzvikoro, nezvimwe zvose, obva Atonyatsodzoka chaizvo ipapo obva afuratira ivavo, uye otora muredzi asina chaanoziva omupa makiyi ekuHumambo? Ameni.

120 Chinogadzira nenji ndeapo mumwe munhu anotenda Mwari uye oVatora paShoko raVo. Shoko raMwari rakataura nyika ikavapo. Ndicho chinhu chimwe chete chaunofanira kutenda, manheru ano, iro Shoko raMwari rakavimbiswa.

121 Tarisai mudzimai uya mudiki anonzwisa urombo akamira ipapo patsime. Akati, "Tinoziva kana Mesiya auya, Achatiudza zvinhu izvi." Akanga amuudza zvaive dambudziko rake. Mudzimai akati, "Changamire, ndinoona kuti Muri muporofita.

Tinoziva kuti kana Mesiya auya, Achatiudza zvinhu izvozvo." Tarisai.

122 Mwari vachitaura nechipfeve. Mwari ngavarumbidzwe! Mwari vachitaura nechipfeve, ameni, uye vachikumbira fevha, "Ndiunzirewo mvura yekunwa." Pafunge ipapo. Taura nezvenenji!

123 Uye inenji rakadini kuti mbeu iyoyo yeHupenyu Husingaperi, yakafanotemerwa nyika isati yavambwa, yaigona kuungana muchinhu chakadaro; nokuda kwechishuwo chenyama, pakuti mudzimai mudiki iyeye anonzwisa urombo, zvichida akaendeswa mumugwagwa, zasi mumoyo make akanga akafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi.

124 Gwayana parakabaiwa nyika isati yavambwa, maererano neBhaibheri, mazita edu akaiswa muBhuku iroro. Jesu akati, "Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva, uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya." Ingoparadzira Chiedza!

125 Tarisai Chiedza pachakarova vaprisita vaye nenjere dzavo dzose. Chii chakaitika? Vakati, "NdiBherizebhabhu, muuki, dhimoni."

126 Akati, "Muri vababa venyu, dhiyabhore." Ndiko kwazvakabva.

127 Asi apo mudzimai muduku uyu, asina hunhu achitaura naMwari, uye ko mbeu iyoyo yakafanotemerwa ingadzimikirwa sei mumunhu aka—akaipa chaizvo kudaro? Inenji. Asi tarisai Chiedza pachakairova. Akati, "Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita." Zvino, muporofita, ndiko kunouya Shoko raShe, kumuporofita, munoona. Uye ndicho chaiva chivi chake, uye iYe muporofita aiva neShoko. Saka akati, "Ndinoona kuti Muri Muporofita. Zvino tinoziva kuti kana Mesiya auya, Achaita zvinhu izvi."

Akati, "Ndini iYe, anotaura newe."

128 Hama, akasiya chirongo ichocho, ndiye hutu achienda. Chapupu chake chakaponesa guta rake, Saika. Zvino raiva nenji, apo Mwari, apo Jesu paakazviita. Hongu, changamire.

129 Raiva nenji, Mwari pavakaisa Mweya waVo mumapentekosti, varedzi vehove varombo nevanhu vasina kudzidza, pachinzvimbo chaKayafasi muprisita mukuru. Uye, oo, kuti Vakaisa sei Evhangeri yaVo! Raiva nenji, Mwari pavakasarudza nzira inonzi "hupenzi, kupenga," vanhu vakadzedzereka, nekusvetuka-svetuka nekungoenderera, uye vachiita sevanopenga. Vakavati "vanopenga." Inenji, apo Mwari vakanzvenga masinagoge makuru epamusoro, matare makuru eSanihedrini nevaprisita vepamusoro vakadzidza zvikuru, uye ndokutora boka revaredzi vasina chavanoziva, vasina kudzidza vakanga vasina kuziva zvinopfuura kungotenda

maVari chete nokutora Shoko raVo, nekuona zvibereko zvacho. Uye zvakafadza Mwari kunzvenga chavaidana kuti chinhu chitsvene kupfuura zvose pasi rose, kunhonga boka "remarara epasi," raidaidzwa kudaro, nenzira yavainamata nayo, inonzi "hupenzi," kuita nzira yeruponeso. Hongu. Zvino, ndicho chokwadi, haugone kuzviramba. Pauro akati, "Nenzira inonzi 'hupenzi,' ndiyo nzira yandinonamata nayo Mwari wangu, Mwari wemadzibaba edu; nzira inonzi 'hupenzi.'" Hongu.

130 Raiva nenji, apo Shongwe yeMoto huru iya yakaburuka kubva Kudenga, Mutumwa waJehovha, Shongwe yeMoto yakatungamira vana veIsraeri nemurenje. Raiva nenji, rakataura naMosesi kunze uko mugwenzi raipfuta. Uye raive nenji. Uye makore 800 akatevera. . . uye maringe neGwaro, muna Mutsvene Johane 8:58, kana muchida kuziva kuti zviri papi. Munoda kuziva kuti zvakatangira papi, kutanga, yaive Eksodho 13:31. Uye raive nenji, apo, mushure merwendo rwese irworwo nenguva iyoyo yese, kuti pano Jesu akataura, kuti, "Abrahama asati avapo, NDIRI." NDIRI aiva mugwenzi raipfuta. NDIRI ndiye waCho akataura naMosesi.

131 Chakanga chiri chinhu chinoshamisa, kuti mushure mekufa kwaKe, kuvigwa, nekumuka, uye Sauro, muJudha mudiki uya, aiva nemhino yakakombama, ane chiki, uye nehasha dzakaipa, uye ndokutouraya vamwe veChechi, munzira yake achidzika kuDhamasiko kunosunga vanhu ivavo, uye zasi ikoko vaiva nemuporofita ainzi Ananiasi, uye akanga ari zasi ikoko achiporofita kwavari, muporofita waJehovha, achivaudza Shoko raShe, nekuti Akauya kwaari, zvino apo Mufundisi Ananiasi akanga ari zasi ikoko achiporofita, Sauro akaenda zasi kunomutora, zvino pakati chaipo pezuva Shongwe yeMoto imwe cheteyo yakadzika ndokutungamirira Israeri, yakarovera Sauro pasi, uye vanhu vose vakamirapo havana kukwanisa kuIona, asi Yakanga yakajeka kwazvo kuna Pauro kusvikira Yakapofomadza maziso ake. Ameni. Akanga ave bofu. Yakanga iri yemazvirokwazvo zvakanyanya kwaari, uye vamwe vose havana kukwanisa kuIona. Inenji. Ini zvangu! Oo!

132 Izvo zvinoziviswa nepfungwa dzemumwe munhu, zvinozivisa kune mumwe. Ndicho chikonzero vanhu vachigona kugara mu—mumusangano, uye votarisa basa raShe, uye vanosimuka vobuda, voRiseka; uye mumwe votobatirira paRiri, nemoyo wavo wese. Inenji, kuti Mwari vaigona sei kuita vanhu, venyama imwe chete. Inenji, kuona kuti Mwari vanozviita sei, kunyange muzuva rino. Rakava nenji kuna Pauro.

133 Munoziva, Pauro haana kumboona Jesu ari muchimiro chenyama. Akatozogamuchira chizaruro sezvakangoita Petro. Petro haana kumbobvira aziva Jesu nechimiro chenyama.

Akati, "Ko vanhu vanoti iNi Mwanakomana wemunhu ndini ani?"

134 "Vamwe vavo vakati, handiti, ndiMi 'Mosesi,' uye vamwe vanoti ndiMi 'Eria,' na 'Jeremia.'"

Akati, "Handizvo zvaNdabvunza. *Imi* munoti kudii?"

Petro akati, "Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu."

135 Akati, "Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi. Nyama neropa hazvina kuzvizarura kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga vazvizarura. Uye pamusoro pedombo iri, Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo eGehena haangaIkunde." Hezvoka izvo, nenji. PaAkanga akamira ipapo, uye asingaMuzive munyama yemunhu; asi akaMuziva nemabasa aKe nechizaruro, akaMuona achizadzisa izvo chaizvo zviri Gwaro.

136 Ndiyo mhando imwe chete yenenji inounza munhu kubva kune chimwe chitendwa chekare chakatonhora chetsika, achipinda muna Mwari mupenyu. Inenji, kuona munhu mumwe chete achiverenga Bhaibheri rimwe chete, uye oRiramba, apo mumwe wacho anoRitenda uye ogamuchira humbowo hwacho. Hongu, inenji, kana akagona kuRiona richishanda pane mumwe munhu, chokwadi anofanira kuziva kuti ndiMwari mumwe chete. Chitendwa chake chakatsveyama, kana chichipesana. Kana Mwari vachisimbisa Shoko raVo, ipapo chitendwa chako chakatsveyama. Ameni. Handireveri kunge ndichivirima kwazvo, asi ndicho Chokwadi, nenji.

137 Ndati, "Maminitsi 30," uye atongori iwo chaiwo. Ndine mapeji anenge 6 ezvinyorwa pano nazvino. Nenji, munotenda mariri here? Ameni, ndinotenda mariri. Uye ndichamira.

138 Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Teererai. Pano imwe nguva yapfuura, zasi kuMaodzanyemba, uko kwandinobva, ndaidya tuaizikirimu, rimwe zuva. Shamwari yangu yekare mutengesi wemishonga, mutsvene chaiye akazvarwa patsva, aive murume chaiye. Ndakanga ndisina kunge ndamuona kwenguva refu, zvino ndaipfuura nemuguta, uye ndakamira kuti ndimuone. Zvino ndakaona zita rake kumusoro ikoko, zvino ndakafunga, "Saka, ipo apo, ane bhizimu iri pano, uye akange avapo kwemakore."

139 Ndakakwira, ndikapinda, uye hapo paakanga ari, akagara ipapo, akatarisa pasi napamusoro pemagirazi ake madiki, munoziva, uye akatarisa napamusoro pemagirazi ake madiki aive akarembera padama rake. Zvino akati, "Avoka, ndiHama Branham chete!" Zvino akasimuka, ndokuuya akandimbundira nemaoko ake, ndokuuya achindibhabhadzira. Ndokuudza mwanakomana wake, akati, "Enda unotitorera, aizikirimu." Taiva takamira ipapo. "Mungada kapu yekofi here?"

140 Ndikati, "Kwete, changamire. Ndingataura nemi kusvika mafa, kana vari vazondipa kapu yekofi." Ndikati, "Inondiita kuti ndihute-hute." Ndikati, "Ndichangotora hangu aizikirimu."

141 Saka, takawana aizikirimu kunze. Uye—uye vasikana vakanga vari seri ikoko, nevamwe vakadaro, muchitoro, zvino takagara uye tikava nekuyanana kudiki tichidya aizikirimu.

142 Akati, "Hama Branham, ndi—ndinoda kukuudzai chimwe chinhu." Akati, "Nda—ndanga ndichizeza zvishoma kuudza vamwe vanhu." Takatanga kutaura nezvaShe nekunaka kwaVo. Zvino muchinda mutana achichema, uye misodzi ichiyerera nepamatama ake, uye akati, "Ndi—ndinoda kukuudzai chimwe chinhu." Akati, "Zvi—zvingangoita sezvisinganzwisisike kwa—kwamuri," akati, "asi ndinotenda kuti munhu akaita semi angazvinzwisisa."

Ndikati, "Zvakanaka, endererai zvenyu mberi, hama. Chii ichocho?"

143 Akati, "Kare munguva yekuderera kwehupfumi hwenyika," akati, "mwanakomana wangu achena musoro apo aingova mujaya." Uye akati, "Takanga tiri pano mu—mubhizimu iri ipapo," uye akati, "asi vanhu vakanga vari varombo uye vakanga vasina chekudya. Uye kuti vawane odha, kuti vawane mushonga kana chimwe chinhu, vaitofanira kuenda vonomira mumutsara."

144 Uye vazhinji venyu munozvirangarira izvozvo. Chokwadi, munodaro. Kumira mumutsara, kuwana kamvumo kubva kudunhu iri, kuti ugone kuwana mishonga iyi, kana kuwana chimwe chinhu chekudya.

145 Zvino akati, "Ndaive ndakagara pano, rimwe zuva, ndichiverenga Bhaibheri rangu, uye, uye," akati, "mumwe munhu akapinda nepamukova. Zvino mwanakomana wangu akasimuka, ari wechidiki, akaenda kumberi." Ndokuti, "Ndakamunzwa achiti, 'Kwete, hatikwanise kuzviita.'"

146 Ndokuti, "Ndakanyatsoteerera. Ndakagadzika Shoko rangu pasi ndokunyatsoteerera. Zvino murume uyu akati, 'Changamire,' akati, 'mudzimai wangu ave kuda kutofenda.'" Zvino paakatarisa, akati akaona mudzimai uyu agadzirira kuti asununguke mwana; mhuri yechidiki. Zvino mujaya uyu akati kwaari, "Akati, 'Nda—nda—ndamira mumutsara uyo,' akati, 'oo, wakareba chinhambwe chebhuroko reguta.' Ndokuti, 'Mudzimai wangu haachatongogoni kumira ipapo zvachose.' Akati, 'Handizive. . .Ndine gwaro remushonga kubva kuna chiremba, anofanira kuwana mushonga wacho, izvozvi.' Akati, 'Mungaugadzira here, uye ndobva ndamuendesa kumba, ndobva ndazonomira mumutsara? Ndicha—ndichatora o—odha yacho. Kana muka. . .'

147 "Zvino mwanakomana, mukomana akati, 'Changamire, izvozvo zvinopesana nemitemo pano. Isu, hatikwanise kuzviita.'

148 "Akati, 'Zvinoka, ndanga ndisingazive.' Akati, 'Waita hako, zvikuru, mwanakomana,' akatendeuka kuti afambe achienda."

149 Zvino akati, paakangotanga kufamba, mumwe munhu akati kwaari, pakadzika—pakadzika mumoyo make, akati, "Josefa naMaria vakarambwa, imwe nguva, zvakare."

150 Ndokuti, "Ndakasimuka ndokuti, 'Mira, mwanakomana! Mira zvishoma!'" Uye akati, "Muchinda uya akamira. Zvino ndakaenda ndikatora gwaro remushonga rachiremba, ndikadzokera kumashure ikoko ndikaugadzira; iye akamirira, akabata ruoko rwemudzimai wake. Zvino mudzimai akanga arukutika kwazvo, akanga akangotsamira pafudzi rake."

151 Ndokuti, "Ndakafamba ndichiendako, uye ini. . ." Akati, "Ndine hurombo kuti ndatozofanira kuita izvi, changamire."

Akati, "Zvakanaka."

152 "Aiva akatsikitsira musoro wake pasi, ndokubva angotambidza." Zvino paakauisa muruoko rwake, akati, "Hama Branham, ndakaona Jesu." Akati, "Ndakauisa muruoko rwaKe chaimo." Akati, "Hama Branham, hapo paAive, chaizvoizvo nenzira yaanoratidzwa nemufananidzo." Akati, "Ini—ini handina kugona kutaura. Zvino murume wacho akatendeuka ndokubuda muchivakwa."

Akati, "Munozvitenda here, Hama Branham?"

153 Ndakati, "Ndinozvitenda nezvose zviri mukati mangu. Zvirokwazvo."

154 Mutsvene Martin wekuTours, kana makamboverenga nezvaMutsvene Martin, aive musoja. Uye akanga—akanga ari wake. . .akatevera tsoka dzababa vake. Akagara achinzwa kudana kwaMwari. Kungoti, ndinofunga, vanhu vekwake vaisava chaizvo vanamati. Zvino rimwe zuva akanga achiuya. . .

155 Yakanga iri nguva yechando yakaipa, nhoroondo inodaro. Uye aive. . .Paiva nemupemhi wekare akarara pamusuwo, uye akange ave kufa nechando; uye vanhu vazhinji, vaigona kunge vakapa mutana iyeye chikafu, kana kumupa mbatya. . . Aichema, akasimudza ruoko rwake mudenga. Aingova murume mutana ane ndebvu, ane tsvina akarara pasuwo reguta. Uye achiti, "Ndibatsireiwo, mumwe munhu. Ndi—ndiri kuoma nechando. Manheru ano ndichafa. Mumwe munhu andipewo hanzu."

156 Mutsvene Martin akanga atopa zvese zvaaiva nazvo, azvigovera. Iye akango, semusoja, akanga akapfeka jasi rake. Akamira ari kune rimwe divi, uye akatarisa kuti aone kana mumwe munhu aizozviita. Vanhu vaiuya uye voenda, uye hapana aimubatsira.

157 Akabva asvika kumusoro ikoko, ndokutarisa mutana uyu. Akamunzwira tsitsi. Akabvisa jasi rake iye, ndokutora munondo wake ndokuricheka nepakati. Akamonera chikamu charo pamafudzi ake, akatora imwe hafu yacho ndokuputira mutana

uya mupemhi mairi, kuitira kuti azorarame husiku hwese, ndokuenda mberi nekufamba.

158 Vanhu vakamuseka, vakati, "Musoja anotaridzika zvinosetsa, akapfeka hafu yejasi chete."

159 Husiku ihwohwo, paakanga akarara pamubhedha, akamuka. Mumwe munhu akanga apinda mukamuri macho. Akatarisa, akamira kune rimwe divi remukamuri, zvino hapo paive pakamira Jesu aine chidimbu chiya chenguwo yekare yakanga yakamuputira. Akaziva naizvozvo.

160 Ndiye aive murume, Mutsvene Martin, aiva mumwe wevarume vakarwira kareko, Kutenda kwakambopihwa kuvatsvene. Aitenda mune zvishamiso zvaMwari. Aitenda mukutaura nendimi. Aitenda muTestamende yose yakanyorwa nevaapostora. Aitenda uye akaIrwira, chero bedzi airarama, uye Mwari vakaita zvishamiso. Akaziva, paakaona mupemhi uya wekare akaputirwa nechidimbu chejira rejasi rake pachake, kuti Shoko raMwari rakazadzikiswa, "Sezvamakaitira kune mudukusa weava, vaduku vaNgu, mazviitira iNi."

Unoti, "Murume wacho haana kuzviona."

161 Ndinotenda kuti akazviona. Ndinotenda kuti akazviwana. Ndinotenda kuti zviripo. Ndinotenda kuti ndiJesu waakatarisa. Chaive chizaruro chaMwari chakaratidzwa pachena, nekuti akanga azviita.

162 Taura nezvenenji, kuri kuuya rimwe. "Apo vakafa muna Kristu vachamuka, uye isu vapenyu tichashandurwa, kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso, kuzobvutwa pamwe chete kunosangana naYe muchadenga." Hongu.

163 Oo, Mwari vanochengeta Shoko raVo chaizvo muzera rino renjere! Zvokuti iVo mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi! Kuti Vachiri kugona kunzvera pfungwa dzemwoyo wemunhu! Kuti Vachiri kugona kushandura munhu! Uye kuti Vachiri kugona kuchengeta shoko rose raVakavimbisa muzuva rino! Ndivo mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi! Kuti Vachiri kugona kuzviratidza uye vovarega vachitora mufananidzo weShongwe yeMoto imwe cheteyo yakatevera Israeri, mumwe chete Iyeye akanga aina Ishe Jesu, mumwe chete Iyeye akanga ari zasi uko naSauro panzira, mumwe chete iYeye akapinda akadzikinura Petro kubva mutirongo! Iyeye Mutumwa mumwe chete waMwari ari pano manheru ano, uye achiita chinhu chimwe chete chaicho chaAkaita paAkanga ari pano panyika achiratidzwa munyama yemunhu. Sei? Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

164 Munotenda munenji here? Ndinotenda kuti Mwari vari kuda kuti vanhu vatende munenji. Ndapfuura nguva yangu zvakanyanya. Ndinotenda kuti rinogona kuve nenji ipo pano. Ameni. Ndinotenda kuti Mwari vanoda uye vari kuda kutora vanhu vaVo uye voZviratidza. Kana Vakangokwanisa bedzi

kuwana murume kana mudzimai, mukomana kana musikana, kuti vaise pfungwa dzavo pasi, uye vova musungwa kwaVari uye voVatenda.

165 Ivo iShoko raVo. "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu."

166 Uye zvino Ari mauri, tariro yeKubwinya, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Akati, muna Mutsvene Johane 14:12, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaitawo."

167 Akavimbisa, muna Mutsvene Ruka, kuti, "sezvazvaiva mumazuva eSodhoma," apo Chechi yakasanangurwa, Boka raAbrahama, raizogamuchira chiratidzo sechakagamuchirwa naAbrahama, uye boka raRoti raizogamuchira chiratidzo sezvakaita Roti.

168 Chinhu chinoshamisa kwazvo kuti takava nevavandudzi vakuru vose ava, anaLuther naWesley, asi hatina kumbobvira takava nemurume kunze uko ane zita rake rinopera na h-a-m, mutumwa kunyika. G-r-a-h-a-m, mavara 6. A-b-r-a-h-a-m-a ndiAbrahama. Takava naanaMoody, anaSankey, Finney, naKnox, Calvin, asi hakuna kumbobvira kwava na*ham*, "baba vemarudzi." Tava nemumwe zvino. Inenji. Manga muchizviziva here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Uye tarisai, ari kuita chaizvo-izvo, achivadana kuti vabude muSodhoma.

169 Asi, rangarirai, Abrahama aiva nemutumwa kumusoro ikoko kuboka rakewo, zvakare. Ameni. Uye imhandoi yechiratidzo chaVakaita, nemusana waVo wakafuratira tende? Vakati, "Ndichakushanyirai maererano nenguva yevimbiso yaNgu, maererano nenguva yehupenyu." Uye Vakati, "Mudzimai wako Sara, aripi?"

170 Akati, "Ari mutende, shure kweNyu." Zvino paakadaro, Sara akasekera mumoyo.

171 Vakati, "Sei Sara aseka, achiti, 'Zvinhu izvi hazvigone kuva izvo'?" Maona?

172 Jesu akati, "Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu, mabasa aNdinoita!" Shoko raMwari rakava saizvozvo. "Kana mukagara maNdiri, Mashoko aNgu achigara mamuri, kumbirai chero zvipi zvamunoda, uye zvichaitirwa kwamuri." Nenji, kuona vimbiso Mwari. . .vimbiso yaMwari, yakaitwa kwemakore 2,000, uye zvitevedzwa zvechechi zvakwevera vanhu kure-kure kwazvo. Asi pakati pezvose izvi, Mwari vanouya zasi chaipo vobva vaputitsa Shoko iroro richinyatsodzokera muchechi yaVo zvakare, zvichingori izvo chaizvo. Inenji. MunoVatenda here?

Ngatinamatei.

173 Kana paine vanhu vari muno, manheru ano, vangade kuona nenji richiitwa pauri, uye kushandura mwoyo wako kubva

pakusatenda, kuenda pakutenda muna Mwari, mungasimudze here maoko enyu, uye moti, "Ishe, ndirangarireiwo, ndirangarireiwo." Mwari vakuropafadzei. Oo, ingotarisai maoko acho!

174 Baba veKudenga, pane maoko akawanda kwazvo, Handingagone kuti "Mwari vakuropafadze," mumwe nemumwe, asi Munovaziva vese. Shandurai kufunga kwavo, Ishe. Oo, ngazviitike, nenji. Vagara vachiita sekungouyawo havo. Vakangotenda muchidimbu, zvichida. Pamwe vamwe vavo vanotopinda chechi, asi zvakadaro havana kumbobvira vakasangana nenguva iyoyo apo pavakava nerusununguko rwepamusoro-soro irworwo, vakatenda, uye vakaziva kuti zvakavimbiswa naMwari, Mwari vaikwanisa kuzviita. Asi, tinopupura kuva mbeu yaAbrahama, asina kudzedzereka pavimbiso yaMwari kubudikidza nekusatenda, asi akanga akasimba, achipa rumbidzo kuna Mwari. Zvino, Mwari Baba, ndinoKukumbirai, muZita raJesu, kuti muvanzwirewo tsitsi.

175 O Mwari, burukai pakati pedu, manheru ano, fambai pamusoro pedu mutiratidze kuti Muchiri Mwari wamashura. Itai nenji, Ishe, uye muratidze kuti Shoko reNyu richiri kukwanisa kunzvera pfungwa nezvinangwa zvemoyo. Muchiri Mumwe chete akaratidzwa kunze uko, uyo Abrahama akadana kuti Elohim, Ishe Mwari, Musiki, Uyo Akazvikwanira muna Zvose, Uyo anozviraramira ari Oga. O Mwari, Muchiri Mwari weKusingaperi, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye Ropa reMwanakomana weNyu rakachenesa Chechi nekuIshambidza. Kuti, Shoko, oo, dai vakangogona kuRitora vasina kuwedzera chitendwa, Ishe!

176 Asi, zvino, Akati, "Ndini Muzambiringa, imi muri matavi. Davi rinobereka muchero wemuzambiringa; nekuti hupenyu hwemuzambiringa, hwebazi, hunobva mumuzambiringa." TinoKutendai zvikuru nekuda kweizvi, Ishe! Zvakatokwana kwazvo!

177 Uye muzuva rino rekusatenda nekufungira zvemweya-mweya, ne—nemhando dzose dzezvitendwa, asi Muri Mwari mumwe chete akamisira Joshua zuva. Muri mumwe cheteYe akanga ari patsvimbo iyo Mosesi akatambanudzira pamusoro pegungwa. Ndimi mumwe cheteYe aigona kudana inda, nhata, matatya, chero zvazvaiva, nemumuromo waMosesi. Ndimi Mwari mumwe chete aigona kuisa mvura inonaya kumatenga. Ndimi mumwe chete Iyeye achanayisa moto kubva kumatenga. Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

178 O Ishe Mwari, tiratidzei kubwinya kweNyu, manheru ano, nekuponesa nekuzadza munhu wese asimudza ruoko rwavo. Zviitei, Ishe. Dai ukasangova mumwewo munamato wekungozviitira. Dai ikasava imwewo nzira yekungozvisimudzira ruoko rwedu, pasi perunziro duku ye—

yechimwewo chinhu. Asi dai zvikabva pakadzika pemoyo wavo, kuti vanhu vagodanidzira kuti, "O Ishe Mwari, sikai mandiri kutenda kunogona kuKutendai uye kunogona kugamuchira Shoko rega-rega, nekutsigira vimbiso yose, neameni." Zviitei, Baba. Ndinozviisa kwaMuri zvino, muZita raJesu Kristu. Ameni.

179 Zvakanaka, dzave 10 o'clock. Hatisungirwe kuva nemutsara wekunamatira kumusoro kuno. Tinogona kuva nawo kunze uko. Munozvitenda here?

180 Vangani vari muno vanotenda kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, vanotenda kuti mudzimai mudiki uya akabata hanzu yaKe nemunwe wake zvino, Aive—Aive wenyama, waakabata nguwo yaKe. Ipapo raiva nenji. Aisagona kuzvinzwa, asi Akatendeuka ndokuti, "Ndiani aNdibata?" Zvino haana kukwanisa kuzvivanza. Zvino Akataura nezvematambudziko ake, uye kutenda kwake kukamupodza.

181 Uye Bhaibheri rinotaura, nhasi, muna VaHebheru, kuti, "Ndiye Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu." Vangani vanorwara vanozvitenda? Simudza ruoko rwako. Zvakanaka, zvitendei, uye ngationei zvino kana chiri chokwadi.

182 Unoti, "Hama Branham, zvinouya sei?" Ingotenda Shoko nenzira yaRakanyorwa nayo. Usateerera chero zvese-zvese, zvinotaurwa nemuchinda *uyu* kuti Riri nenzira *iyi*, nemuchinda *uyu* anotaura kuti Riri nenzira *iyo*. UnoRitenda semanyorerwo aRakangoitwa.

183 Kana Vachifanira kukutonga nenzira yaRakanyorwa nayo, zvino ungatorerei dudziro yemumwe munhu pamusoro paRo, nekuti ndiyo nzira yazvichatongwa nayo. Iro bedzi, ndiCho chiyero chaVo. Vakarinda Shoko raVo. Hapana chakaipa pazviri. Ndiro rinongori Shoko chairo. Ndizvo zvatichatongwa nazvo, iRo iri, iShoko raMwari.

184 "Uye kana mukagara maNdiri," ndiko kutenda, "Shoko raNgu richigara mamuri," nokuti iYe iShoko, "saka kumbirai chamunoda."

185 Zvino iwe bata hanzu yaKe, uti, "Ishe Jesu, ndinotenda nemoyo wangu wese kuti tiri kurarama mumazuva ekupedzisira. Ndinotenda kuti Muri Mwari mumwe chete akaita zvishamiso zvose izvi zvataratidzwa nemufundisi wedu, manheru ano, muShoko. Ndinotenda kuti ndiMi Muprisita Mukuru. Ishe, regai ndibate nguwo yeNyu. Zvino iMi taurai kubudikidza nehama iyi, uye—uye inotaura kuti Munotaura kubudikidza nayo. Uye, zvakadaro, havandizivi, asi iMi munondiziva." Uye tobva taona kana Asiri Mwari mumwe chete wezvishamiso, uye pobva pava nenenji zvakare, chinhu chisingatsvakike chisingagone kunzwisiswa nemunhu kana kutaurwa.

186 Muchazvitenda here? Kana Akazviita, zvino tinoziva kuti richava nenji. Ndizvo here? Ndanga ndiri kuzova nemutsara wekunamatira; ndazonyatsobatikana pane izvozvo kusvikira nda—nda—ndangobva pazviri, uye nguva yave kutongoda kupera. Munotenda. Ngatitangirei pane . . . Handikwanise . . .

187 Ndinofanira kukupatsanurai. Ngatitangirei kudivi *iri* pano. Mumwe munhu munzira *iyi.* Vangani neche *apa* vanoziva kuti handikuzivei kana kuziva chinhu pamusoro penyu, simudzai maoko enyu; uye muchirwara, munoziva kuti munoda kukumbira Mwari? Zvakanaka.

188 Vamwe venyu tendai, ingo—ingotorai izvi nemoyo wenyu wese. "Ishe Jesu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi! Regai ndiKubatei, Ishe. Kutenda kwangu kuri kufamba kuchiuya kwaMuri uko kuruoko rwerudyi rwaMwari, vagere muHumambo. Uye Mweya Mutsvene weNyu, wakanga uri maMuri, uri pano manheru ano. Regai ndingobata, nokutenda, Ishe." Ndobva ndaona kana Achiri iye muvambi wenenji, kuunza zvinhu kuti zviitike zvisingazivikanwe zvachose. Ingovai vanoremekedza.

189 Hepano, muri kuona izvi pano chaipo here? Mudzimai wechitema akagara nechekumashure kuno. Ari kunetswa nechinhano cheitsvo. Achangobva kuitwa oparesheni. Handizive mudzimai uyu.

190 Ndiri mutsva kwamuri. Ndizvo here, amai? Asi ichocho ichokwadi, handizvo here? Munotenda here kuti Mwari mumwe chete aigona kuudza mudzimai mudiki uya akabata hanzu yaKe mhiri uko, ne—nekune rimwe divi redziva, munotenda here kuti ndiMwari mumwe chete? Hamaigona kundibata, panyama, munoziva. Saka ndichango . . . Uye handikuzivei. Saka pane Muprisita Mukuru, nokuti Akati Aiva Muprisita Mukuru. Ndizvo here? Uye munozvitenda. Pamanga muri apo muchinyengetera kuti ave imi, chimwe chinhu chakubatai, uye pakarepo ndabva ndataura nezvacho. Ndizvo here? Zvakanaka.

191 Oparesheni iyi yamakaitwa haina kuita seyakanyatsobudirira kwazvo. Hamusi kupora, zvakare, uye muri kuvhundutswa nazvo. Uye mauya pano manheru ano nechinangwa chimwe chete ichocho. Kana Ishe Jesu vakandizarurira kuti muri ani, sezvaVakaita Simoni paakauya, munganditenda here kuti ndiri muporofita waVo, muranda waVo? Munotenda izvozvo here? Mai Pigrum. Ndizvozvo. Zvino tendai nemoyo wenyu wese, endai kumba munopora. Muchapora nokuti kutenda kwenyu kunokupodzai.

192 Munotenda nemoyo wenyu wese here? Ko muchikamu *ichi* chiri muno, pane imwe nzvimbo, mumwe munhu tenda?

193 Murume akagara kunze kuno kumucheto, ari kutambura nedambudziko remaziso ake. Handizivi kana achiziva . . . Hongu, andibata zvino. Anonzwa Mweya. Hongu, muri kuona here

Chiedza icho pamusoro pemurume? VaOtis, ndiro zita renyu. Ndiri mutsva zvachose kwamuri, asi muri kunetseka nemaziso enyu. Kristu anokupodzai, kutenda kwenyu.

194 Zvino bvunzai murume wacho kana ndakambomuona, ndakaziva chimwe nezvake, kana mudzimai uyu, kana chero kupi kwazviri. Hero nenji. Munozvitenda here izvozvo? Ndiye mumwe chete zuro, nhasi. Akavimbisa, "Mabasa aNdinoita, nemi muchaaitawo zvakare." Ndiko kuZvizivisa kwaAkaita kuva Mesiya. Ndizvo here? Saka, ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye munoziva kuti hazvigoni kuva ari ini. Handisi Mesiya. Ndingori munhu, hama yenyu. Asi Mweya Mutsvene uri pano, ndiwo Mesiya. Ndiye Mutungamiri. Ndiye Uyo unoziva. Handizive vanhu ivavo; vanozviziva.

195 Pano, ndinoda kukuratidzai. Pane mudzimai wechitema akagara kumusoro uko chaiko padivi, kumusoro uko, ari kutambudzika nedambudziko repahuro. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti ndimi ani? Mai Kelly. [Hanzvadzi inodanidzira kuti, "Ndini iyeye!"—Mupepeti] Ndizvozvo. Zvakanaka.

196 Munotenda nemoyo wenyu wese here?

197 VaSwanson kumashure uko, vane dambudziko rekuhuta-huta, munotenda here kuti Mwari vanogona kukupodzai? Kana muchizvitenda nemoyo wenyu wese! Zvakanaka, munogona kuva nazvo. Mwari vanokupodzai.

198 Munozvitenda here? Handizive vanhu ivavo. Vabvunzei kana ndichivaziva. Inenji.

199 Mirai zvishoma. Hechino Chiedza ichi, Chakamira pamusoro pemudzimai. Ndinoziva kuti ndiani. Akagara pano chaipo. Musanetseka, Mai Collins, regai kunetseka nezvazvo, muchizvirwarisa. Zvese zvichabuda zvakanaka. Mwari vanotungamira. Zvino, ndinoziva mudzimai iyeye. Ndinoziva kuti ndiani. Vanobva zasi kuIndiana, kana Kentucky. Ndinovaziva. Murume wavo apo, inhengo yechechi yangu, iye mu—iye mudhikoni zasi ikoko, murume akanaka. Asi hecho Chiedza chiya. Hamusi kuChiona here pamusoro pavo chaipo? Vange vachinetseka, vari kurwara, uye vari kushungurudzika nechimwe chinhu chavasingazive kuti voita here kana kuti kwete. Ingorangarirai, regai kunetseka, hanzvadzi, zvichaita zvakanaka. Vanoziva zvese nezvazvo. Vachatungamira kana mukangoVasiya vachienda.

200 Ameni! Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, iYe inenji! Tinotenda nokuda kwazvo. Munozvitenda here?

201 Mirai netsoka dzenyu mozvigamuchira, moti, "Ishe Mwari, ndinouya kwaMuri muZita raJesu Kristu, itai mandiri, uye muunze kubwinya nemaropafadzo eNyu nesimba pamusoro pangu. Ngakuuye nenji mumoyo mangu iko zvino. Ndiri kutenda. Ndiri kutenda." Nemoyo wenyu wose, zvitendei.

202 Simudzai maoko enyu pamuri kuimba rwiyo urwu rwekare, "NdinoMuda, ndinoMuda nokuti ndiYe akatanga kundida." Vhara maziso ako. Vhara pfungwa dzako dzose, zvino wongorega Jesu Kristu achiuya mauri, uye mumwe nemumwe wenyu achapodzwa uye ogozadzwa neMweya Mutsvene.

203 Nenji rimwe chete, manheru ano, richatungidza izvi, rinofanira kutungidza nzvimbo ino nemoto. Jesu Kristu ari pano. Ndiani angazvitsanangura? Bvunzai vanhu ava, endai kwavari. Mune mazita avo nezvinhu, patepi ino. Endai, munovabvunza. Munoona, hapana chandinoziva nezvavo. Zvinoitei? Mwari, muzera rino renjere . . .

204 "Mvura inonaya iripiko mudenga," yakadaro sainzi yemuzuva raNoa, "iri kupi kumusoro uko?" Mwari vakaivimbisa! Yakauya.

205 Zvinhu izvi zvingaitika sei? Handizive. Mwari vakazvivimbisa! Ndivo mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Hareruya! Nenji! NdinoMuda, ndinoMuda nokuti ndiYe akatanga kundida, uye akavhura maziso angu akapofomadzwa, kuti ndikwanise kupinda ndigoona Hupo hwaKe ndigoziva kuti Ari pano. Ameni naameni!

206 Ngatingosimudzai maoko edu tiMunamate zvino apo tichirwuimba. Mbiri kuna Mwari! Ishe Jesu Kristu ngavavongwe, nokuda kwekunaka kwaVo pamwe netsitsi! Mwari vakuropafadzei.

63-0801 Nenji
Marigold Center
Chicago, Illinois U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org